ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№80 (24.830) • 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 3, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

УзытеплъэкъукІ мыхъунухэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ и комиссэм и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и УнафэщІ Мусуков Алий, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым КъБР-м къегъэщІылІа и къэрал инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, республикэм и властым и гъэзэщІакІуэ, муниципальнэ, кІэлъыплъакІуэ, хабзэхъумэ органхэм, къарузехьэ ІэнатІэхэм я унафэщІхэр.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ наркотикхэр, цІыхум и псантхуэм, Іэпкълъэпкъым егуауэу абыхэм хуагъадэхэр, узыншагъэмкІэ шынагъуэ къэзыхьу къежьа пкъыгъуэщІэхэр хабзэр къызэпауду зэрызэблагъэкІым пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщам. Апхуэдэуи гулъытэ хэха хуащІащ наркоманием цІыхухэр димыхьэхыным хуэгъэза лэжьыгъэми, еджакІуэхэмрэ студентхэмрэ, абыхэм щэнхабзэмрэ спортымрэ щыхуагъасэ ІуэхущІапІэхэм щІэсхэри яхэту, наркотикым къихь зэраныгъэр ягурыгъэІуэным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІхэм.

КІэрыхубжьэрыхухэр къызэрагъэсэбэпыжынур

Ди республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Патрушев Дмитрий дыгъуасэ Москва щригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы щытепсэлъыхьащ коммунальнэ кІэрыхубжьэрыху быдэхэм (ТБО) зэрелэжьыпхъэ ІэмалыщІэхэм. Зэхуэсым кърихьэлІахэр зэдэгуэшащ а унэтІыныгъэмкІэ ябгъэдэлъ Іуэху зехьэкІэ мардэхэмкІэ.

ЗЭІУЩІЭМ зэрыщыжаІамкІэ, 2030 гъэм ирихьэлІэу ТБО-м елэжьыныр мардэ хэхам тkІийуэ тетын хуейщ. Ахэр къанэ щымыІэу зэхадзын, губгъуэхэм щыщІатІэ апхуэдэ кІэрыхубжьэрыхухэр ягъэмэщІэн хуейщ. Апхуэдэу ТБО-хэм я Іыхьэ плІанэр зэлэжьыжынухэм хэгъэхьапхъэщ. А къалэнхэм пэлъэщын папщІэ, щІыналъэхэм нэхъри зыщрагъэужьын хуейщ ТБО-м щелэжь ІэнатІэхэм.

- Къэралым хыхьэ щІыпІэ куэдым, ди республикэри яхэту, чэзууэрэ хагъахъуэ кІэрыхубжьэрыху быдэхэм елэжь техникэ хэхам и бжыгъэм. Ахэр щызэхуахьэс, абыхэм щелэжь ІэнатІэхэр ирагъэфІакІуэ, зыхуейзыхуэфІхэмкІэ къызэрагъэпэщ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - А лэжьыгъэхэр зэфІэха хъунущ УФ-м ЩІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ и министерствэмрэ Урысей экологие операторымрэ я нэІэм щІэту.

КъинэмыщІауэ, зэхуэсым и гугъу щащІащ льготэ лизингыр и тегъэщІапІэу щІыналъэхэм пхъэнкІий дэзыш техникэщІэ хэхахэм хуэдэ зэрыІэрагъэхьэну щІыкІэхэм.

ТБО-м зэрелэжьыпхъэр егъэфІэкІуэным къыдэкІуэу, ІэнатІэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэ псори бжыгъэр зи лъабжьэ технологием хуагъэкІуэну я мурадщ. КІэрыхубжьэрыхухэр щызэхуа хьэс ІуэхущІапІэхэм щызэфІах лэжьыгъэхэр наІуэу илъынущ федеральнэ электрон базэм.

Іэтащхьэм пщэрылъ ящещІ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Терророрым пэщІэтынымкІэ комиссэм и зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ хабзэхъумэ, къарузехьэ ІэнатІэхэм я лІыкІуэхэр. Абы щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ дзэ комиссариатхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ адэкІи ялэжьыпхъэхэм, республикэм террор щІэпхъаджагъэм ехьэлІа хъыбар нэпцІхэр щызэбгремыгъэхыным. КъимыдэкІэ, зи гугъу ящІахэм ящыщщ террорист гупхэр къызэгъэпэщыным лъабжьэ хуэхъу щхьэусыгъуэхэр щымыгъэІэныр, апхуэдэхэр къэмыгъэхъуным теухуауэ къэув къалэнхэр гъэзэщІа зэрыхъунур, профилактикэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэныр.

Республикэм и Іэтащхьэм муниципалитетхэм, Іуэхур зэхьэлІа министерствэхэм, дин зэгухьэныгъэхэр ящІыгъуу, пщэрылъ ящищІащ щІалэгъуалэр экстремист хуэмэбжьымэхэм щыхъума хъуным хуэгъэза лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьэну.

Зыужьыныгъэмрэ къалэнхэмрэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и гъатхэ сессием и иужьрей зэІущІэр.

ДЕПУТАТХЭР едэІуащ КъБР-м и Правительствэр 2024 гъэм зэрылэжьам кърикІуахэм. Социально-экономикэ зыужьы_ныгъэм къыпэкІуа Іуэхугъуэхэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и премьер-министр Мусуков Алий.

ЗэІущІэм зыкърагъэхьэлІащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заурэ Родинэ Викториерэ, КъБР-м и Правительствэм хэтхэм.

Мусуковым къыхигъэщащ УФ-м и Президентымрэ Правительствэмрэ къыхалъхьауэ къэралым щекІуэкІ Іуэхухэр КъБР-м и Правительствэм дежкІэ игъэзэщІыныр и гъуазэу зэрыщытыр, ауэ псом япэ ирагъэщыр цІыхумрэ абы и зэІузэпэщыныгъэмрэ зрыарар. КъулыкъущІэмжиІащ нэхъапэм зрагъэхъулІахэм зы мэскъали зэрыкІэрымыхуар, ІэнатІэ куэдым нэхъри зэрыщыхагъэхъуар.

Правительствэм и УнафэщІым утыку кърихьащ макроэкономикэм къыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэр. 2024 гъэм ВРП-р сом мелард 325,5-рэ хъуащ (2023 гъэм елъытауэ процентти 105-кІэ нэхъыбэщ). ЕрыскъыпхъэуkъыщІагъэкІым и индексыр зэи хуэмыдэу хэхъуащ - процентти 121,4-рэ, Урысейм ику иту щыщыІэр процентти 104-рэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым етІуанэ увыпІэр щиубыдащ къэрал псом.

Экономикэ зыужьыныгъэм и къару нэхъыщхьэу къонэж мэкъумэш ІэнатІэр. Абы къыщыщІагъэкІащ сом меларди 110,7-рэ и уасэ (2023 гъэм къалэжьам нэхърэ процентти 106,6-кІэ нэхъыбэщ). 2024 гъэм кърикІуахэм тепщІыхьмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэ зэмылІэужьыгъуэу къыщрахьэлІэжащ тонн мелуан 1,027-рэ, ар процент 30-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ къыпачыжам нэхърэ. КъыжыІапхъэщ а лъэныкъуэмкІэ Урысейм и хэгъуэгухэм процент 30-кІэ дазэрефІэкІыр, япэ итхэм ящыщу дыкъызэралъытэр.

Пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ щахъумэхэр нэхъыбэ мэхъу, Іэщ гъэхъуным къыпэкІуэ хъерым хохъуэ. Нэгъабэ гъавэ зытрасэ, псы зыщІагъэлъадэ гъавэщІапІэу иджыри гектар 5100-рэ цІыхухэм къагъэсэбэпын щІадзащ, псори зэхэту апхуэдэ гъавэщІапІэу гектар мин 35-рэ къыщагъэсэбэп республикэм.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэр къащтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр япэ итщ мэкъумэш ІэнатІэм къыщалэжьхэмрэ абы къыхащІыкІ ерыскъыпхъэхэмкІэ.

- ГъавэщІапІэ гектари 100-м дэ къытетхыр хуэдитІ-щыкІэ нэхъыбэщ КИФЩІ-м и адрей хэгъэгухэм нэхърэ, Урысейм хиубыдэ щІыналъэхэм ебгъапщэмэ, хуэдиплІкІэ нэхъыбэ къыщытетхи щыІэщ, - жиІащ Мусуковым.

Ухуэныгъэ ІэнатІэм лэжьыгъэу щекІуэкІар бжыгъэхэмкІэ къэбгъэлъагъуэмэ, нэгъабэ абы сом мелард 43-рэ хухахащ. Зэи къэмыхъуауэ псэупІэ унэу метр зэбгъузэнатІэ мин 610-рэ хьэзыр ящІащ, ар процентти 9,2-кІэ нэхъыбэщ блэкІа илъэсым еплъытмэ.

Республикэм и мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу къыхалъхьащ сом мелард 79,4-рэ (процентти 110,4-рэ).

2024 гъэм ди щІыналъэм зыгъэпсэхуакІуэ къэкІуащ цІыху мелуан 1,8-рэ. А ІэнатІэм Іуэхутхьэбзэу щащІащ сом мелард 19,4-рэ и уасэ.

- Илъэситху ипэ диІа бжыгъэм нэхърэ иджы къэдгъэлъагъуэр хуэди 4,5-кІэ нэхъыбэми, нэхъыбэж къытхуегъэблэгъэнущ. КъБР-м и Іэтащхьэм къытхуигъэуващ 2030 гъэм ирихьэлІэу, ВРП-м мы ІэнатІэм процентти 8 хилъхьэн хуейуэ икІи ар тхузэфІэкІынущ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дызыщымыгугъа хэхъуэу къытхуихьыр куэд мэхъу, - жиІащ Правительствэм и УнафэщІым.

Абы ипкъ иткІэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ министерствэмрэ налог ІуэхущІапІэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэхэр я гъусэу ІэнатІэр «жьэуапІэм» къыщІашыну я къалэнщ. Абы папщІэ щІэуэ яубзыхуа унафэхэр сэбэп хъунущ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, муниципалитетхэм турист налогыр къагъэсэбэп хъунущ, жылэ 92-м гъэзэщІэн щыщІадзащ а унафэр.

2024 гъэм сатум республикэм къыхуихьа хэхъуэр сом мелард 325,6-рэ мэхъу, цІыхухэр гъэшхэным - сом мелард 16, цІыхухэм пщІэкІэ хуащІа Іуэхутхьэбзэм къыпэкІуащ сом мелард 65,8-рэ.

Мусуковым зэрыжиІамкІэ, цІыхухэм къагъэсэбэп апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэмрэ къащэхухэмрэ къагъэлъагъуэ абыхэм я зэІузэпэщыныгъэр зэрефІакІуэр.

ЦІыхухэм лэжьыгъэ ІэнатІэ яІэнымкІэ республикэм и Іуэхур зытетыр хэпщІыкІыу ефІэкІуащ. Хэгъэгум и экономикэм Іуэху щызыщІэхэм я бжыгъэр процентти 4,4-кІэ нэхъыбэ хъуащ, цІыху мин 419,8-рэ ІэнатІэ пэрытщ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэр процент 0,5 хъужу аращ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ику иту къыщалэжь улахуэр сом 46 507-м нэсащ, ар процент 16,3-кІэ хэхъуащ иужьрей илъэсхэм. БлэкІа илъэсиплІым уриплъэжмэ, республикэм щыпсэухэм я хэхъуэр процент 55,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Ар Урысейм ику иту къыщагъэлъагъуэ бжыгъэм нэхърэ тІукІэ нэхъыбэщ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэм япэ дитщ. ЩытыкІэр езыгъэфІэкІуар къэралым цІыхухэм зэрызащІигъакъуэрщ, сабий зэрыс унагъуэхэмрэ бынунагъуэшхуэхэмрэ ахъшэ зэрахухихырщ, иужьрей зэманым илъэс къэс бюджет ІэнатІэм пэрытхэм я улахуэр процентти 10-кІэ зэрыхэхъуэрщ. Апхуэдэуи ди щІыналъэр япэ итщ къулейсызхэм я бжыгъэр гъэмэщІэнымкІэ.

Мусуковыр щхьэхуэу къытеувыІащ хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ я лэжьэкІэм. Нэхъыщхьэхэм ящыщщ ди хьэрычэтыщІэхэр хамэ къэралхэм екІурэ-ещхьу зэрадэлэжьар, ди ныбжьэгъу къэралхэм зэрызыпащІар. 2023 гъэм еплъытмэ, ди къэралым ирашам и бжыгъэр хуэди 2-3-кІэ нэхъыбэщ 2024 гъэм. Республикэр сату ІуэхукІэ япыщІащ къэрал 68-м.

Демографие щытыкІэм и гугъу щищІым, премьер-министрым къыхигъэщащ 2025 гъэм и пэщІэдзэм ди республикэм щыпсэухэм я бжыгъэр мин 908,2-рэ зэрырикъуар. Зы илъэсым кърийбыдэу, цІыху мини 2,8-рэ къытхэхъуащ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Урысейм и хэгъэгухэм ящыщу зи цІыхухэр нэхъыбэ хъухэм хабжэ Къэбэрдей-Балъкъэрри. Абы и лъэныкъуэкІэ, Урысей Федерацэм щыеблэнэщ КъБР-р.

Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм и гугъу щищІым, Мусуковыр къытеувыІащ цІыхухэм медицинэ Іуэхутхьэбзэу хуащІэфыр зэрефІакІуэр. Лъыр тэмэму зэрыземыкІуэм илІыкІхэм я бжыгъэр процент 0,6-м нэхърэ нэхъ мащІэ хъуащ, лышхым илІыкІхэм я бжыгъэри процентти 4,3-кІэ ягъэмэщІащ, къалъхуагъащІэу лІэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуари жиІащ къэпсалъэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ЯпэщІэтщ тхыдэр зэзыхъуэкІхэм

Тхыдэм и пэжыпІэм темыкІынымрэ ар хъумэнымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ щхьэпэм и зы Іыхьэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэтхэмрэ Белоруссием и Гомель областым щыщхэмрэ теле-лъэмыж ІэмалкІэ зэрызыпащІар.

ЛЪЭНЫКЪУИТІМИ я тхыдэджхэмрэ лъахэхутэхэмрэ Интернетым зэрыщызэІущІар хуэгъэзат Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыщу алъандэрэ дызыщыгъуазэу щытар пцІыуэ къыщІезыгъэдзыжыну хущІэкъухэм япэщІэтынымрэ лІыхъужьыгъэ щызезыхьэу а зэпэщІэувэныгъэ хьэлъэм хэкІуэдахэм я фэеплъ нэхум дяпэкІи пщІэ хуэщІа зэрыхъунымрэ.

Интернетым и иджырей Іэмалхэм ящыщ зым и фІыгъэкІэ къызэрагъэпэща зэхыхьэм я Іуэху еплъыкІэ щыжызыІахэм къыхагъэщащ Хэку зауэшхуэм ижь зыщІихуа нэхъыжьыфІхэм я гукъэкІыжхэмрэ ар зэрекІуэкІам теухуауэ къыкъуэкІыж дэфтэрхэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр. А дэфтэрхэр зы хэкІыпІэщ нэгъуэщІ къэралхэм щыщу тхыдэм и пэжыпІэр зэблэзыхъуну хущІэкъухэм иужьрей лъэхъэнэхэм зэхаубла Іуэхугъуэ мыфэмыцхэм япэщІэтынымкІи ди адэжьхэм я блэкІам щІэблэщІэм пщІэ хуегъэщІынымкІи.

Теле-лъэмыжыр къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм и лъыхъуакІуэхэм «Память народа» зыфІаща я зэщІэхъееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэмрэ Белоруссием и Гомель областым «Честь ветерана» и жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ. АбыкІэ а тІум щІэгъэкъуэн яхуэхъуащ къуэш республикэм «Русский дом» и фІэщыгъэу къыщызэрагъэпэща ІуэхущІапІэмрэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щыщ жэрдэмщІакІуэ гупымрэ.

ЗэІущІэр здекІуэкІым, хэтахэм зэдэарэзыуэ щІагъэбыдащ блэкІам и щыпкъапІэр зэхэгъэкІыным, тхыдэр зэблэзыхъухэм япэщІэтыным хуэгъэзауэ къатщтэмэ, музейхэр, дэфтэр хъумапІэхэр, фэеплъхэр зэрыдиІэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриІэм. Теле-лъэмыжым зэришэлІахэр тепсэлъыхьащ ди къэралми къуэш хэгъэгуми я лъыхъуакІуэхэм а лъэныкъуэм хуэгъэзауэ нобэми ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэ щхьэпэм къыпэкІуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрымкіэ зэІущІэр зэхашащ ди республикэм и Жылагъуэ палатэм щылажьэ комиссэхэм ящыщ зым и тхьэмадэ, КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс, а зэгухьэныгъэм щэнхабзэмкІэ, псэкупсэ къулеягъэр хъумэнымрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ Мэкъуауэ Люазэ, «ЗауэлІ зэкъуэшыныгъэ» зэгухьэныгъэм ди щІыналъэм щиІэ и къудамэм и ветеранхэу Мосалёв Владимиррэ Джылахъстэн Барэсбийрэ.

Накуэ Феликс къыщыпсалъэм къыхигъэщащ блэкІам и щыпкъапІэр зэхэгъэкІыным, тхыдэр зэблэзыхъухэм япэщІэтыным хуэгъэзауэ музейхэр, дэфтэр хъумапІэхэр, фэеплъ сынхэр пхуэмыІуэтэщІын хуэдиз «быдапІэу» зэрыщытыр.

- КъыжыІэпхъэщ, тхыдэр зэблэзыхъухэм япэщІэтынымрэ ди блэкІам и фэеплъ нэхур хъумэнымкІэ музей зэгухьэныгъэхэм, щІэныгъэлІхэр я щыхьэтлыкърэ лъыхъуакІуэхэм къагъуэтыжахэр я тегъэщІапІэу, ягъэзащІэ лэжьыгъэм хуэдгъэдэн зэрыщымыІэри. Псалъэм папщІэ, ди музеймрэ абы и къудамэу республикэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэхэмрэ, тхыдэм и адрей напэкІуэцІхэм къадэкІуэу, Хэку зауэшхуэм ехьэлІауэ щызэхуахьэсыжам гъунинэзи иІэкъым. Ахэр сыт жытІэмэ, Хэкур тхуэзыхъума ди дзэлІхэм къыздрахьэкІа сурэтхэу, жьы хъуа хьэпшыпхэу, Іэщэ-фащэм я пкъыгъуэ гуэрхэу ди республикэм и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм къыщагъуэтыжахэрщ, - игъэбелджылащ Накуэм.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмкІэ, псэкупсэ къулеягъэр хъумэнымрэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ Мэкъуауэ Люазэ къыхигъэщащ, тхыдэм и фэеплъ нэхур хъумэнымкІэ Іуэхугъуэшхуэм хыхьэу, Белоруссиемрэ Урысей Федерацэмрэ я зэдэлэжьэныгъэм нэхъри зиубгъунымкІэ шэсыпІэфІхэр зэрыщыІэр.

Беларуссием и Гомель областым «Честь ветерана» и жылагъуэ зэгухьэныгъэм деж къыщызэрагъэпэща лъыхъуакІуэ гупым и унафэщІ Медведков Александр теле-лъэмыжым щытепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм ящыщу я щІыналъэм щыхэкІуэдахэм я хьэдэкъупщхьэхэр къызэрагъуэтыж, абыхэм я цІэ-унэцІэхэр зэрызэхагъэкІ щІыкІэм. Къыхигъэщащ а лэжьыгъэр нобэми зэрырагъэкІуэкІыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу а щІыпІэм зи псэр щызытахэм я Іуэху зыІутар зэрыщызэхагъэкІыр.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Белоруссием и Гомель областымрэ Интернет ІэмалкІэ я иджырей зэпыщІэныгъэр, шэч хэмылъу, и зы Іыхьэщ Хэку зауэшхуэм теухуауэ тхыдэм къыхэщыж фэеплъ нэхур хъумэным хуэгъэзауэ мы зэманым ди къэралым щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэшхуэм. БлэкІар зыщыдмыгъэгъупщэмэщ къэкІуэну дахэ щыдиІэнури...

Тхыгъэри сурэтри **КЪУМАХУЭ Аслъэн** *ейщ.*

Ди къуэш республикэхэм

Газыр бгылъэ жылэхэми нос

ЧЕРКЕССК. **Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэ Темрезов Рашид Санкт-Петербург щыІэу ІущІащ «Газпром»-м и унафэщІ Миллер Алексей. Ахэр тепсэлъыхьащ республикэр газкІэ къызэрызэгъэпэщам теухуа Іуэхугъуэхэм. Абы зэрыщыжаІамкІэ, 2021 - 2025 гъэхэм кърийубыдэу лъэныкъуитІыр зэгъусэу зэрызэдэлэжьа программэм и фІыгъэкІэ щІыналъэм и процент 85-р газым къызэщІрагъэубыдэн яхузэфІэкІащ.**

А ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ лъэныкъуитІым гулъытэ нэхъыбэу зыхуащІар бгылъэхэм щыІэ къуажэхэм газыр ялъэгъэІэсыным пыщІа Іуэхугъуэхэрт, ахэр апхуэдэ щІыпІэхэм щебгъэкІуэкІыну зэрыгугъум къыхэкІыу. Мы гъэми газыр къуажэ пхыдза зыбжанэм яшэнущ. Социальнэ Іуэхугъуэхэм хыхьэу, гъэсыныпхъэ щхъуантІэр зэмыкІуалІэ унагъуэхэм ар пщІэншэу яхуешэлІэным ехьэлІауэ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткІэ, унагъуэ мини 5,6-м я бжэІупэхэм ар бжьамийхэмкІэ нашэсащ, унагъуэ мини 3,5-м щІигъум газыр къагъэсэбэпын щІадзащ.

Темрезов Рашид «Газпром»-м и унафэщІым фІыщІэ хуищІащ республикэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэмрэ цІыхухэм я псэукІэр зэрырагъэфІакІуэмрэ щхьэкІэ. Апхуэдэуи ахэр тепсэлъыхьащ 2026 - 2030 гъэхэм зэрызэдэлэжьэну программэщІэм, къыхагъэщащ Черкесск къалэм дэт «Спартак» спорт уардэунэр «Газпромыр - сабийхэм» социальнэ программэм хэгъэхьауэ къэгъэщІэрэщІэжынымкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Зэдэлэжьэну хъэзырщ

МЕЙКЪУАПЭ. **Санкт-Петербург къалэм щекІуэкІа 28-нэ дунейпсо экономикэ зэхуэсышхуэм Адыгеймрэ Осетие Ипщэмрэ я унафэщІхэм зэгурыІуэныгъэ щызэращІылІащ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, социальнэщэнхабзэ я лъэныкъуэкІэ щІыналъитІыр зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ.**

«КАВКАЗЫМ мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ илъыну дыхуейщ икІи лъэпкъыбэ щІыналъэм щыпсэухэр зэкъуэтыныгъэм къыхудоджэ. Нобэ Іэ зыщІэддза зэгурыІуэныгъэр ди зэхущытыкІэфІхэм кърикІуащ. Абы Іэмал къыдитынущ ипэкІэ дыкІуэтэну, ди зэпыщІэныгъэхэм зедгъэубгъуну», - жиІащ Адыгейм и унафэщІ КъумпІыл Мурат.

Къуэшу къалъытэ

СЫХЪУМ. **Абхъазым и Іэтащхьэ Гунбэ Бадрэ иджыблагъэ ІущІащ Санкт-Петербург къалэм и унафэщІ Беглов Александр. Ахэр тепсэлъыхьащ лъэныкъуитІым я зэпыщІэныгъэхэм.**

«АБХЪАЗЫР дыдейщ, ди къуэш республикэщ, ди зэпыщІэныгъэхэм зедгъэужьын, зедгъэубгъун щхьэкІэ, зэгурыІуэныгъэ пыухыкІахэр зэтщІылІэну игъуэ хъуащ. Санкт-Петербургрэ Абхъазымрэ щызэдэлэжьэфынущ узыншагъэр хъумэн, егъэджэныгъэ, коммунальнэ ІэнатІэхэм. Абы нэмыщІ, хъарзынэ хъунут ди районхэми апхуэдэ зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІамэ», - жиІащ Беглов Александр.

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ Сыхъум, Санкт-Петербург къалэхэр кхъухьлъатэхэмкІэ зэпыщІа хъуным мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи жиІащ «Алые паруса» гуфІэгъуэ пшыхьым абхъаз еджакІуэ цІыкІухэр зэрырагъэблагъэр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зыужьыныгъэмрэ къалэнхэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Апхуэдэ щытыкIэр къызыпэкIуар цIыхухэм я узыншагъэр къызэрапщытэрщ (диспансеризацэ), IэщIагъэлIхэр къызэращтэрщ, «Земский доктор/Земский фельдшер» программэхэр зыхуей хуэзэу зэрагъэзащIэрщ, сымаджэщхэр зэраухуэрщ, иджырей IэмэпсымэхэмкIэ зэраузэдырщ, автотранспортхэр IэнатIэм къызэрыхуащэхурщ. «КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэр егъэфIэкIуэн» къэрал программэр гъэзэщIэным нэгъабэ хухахащ сом меларди 10,5-рэ.

Республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм хуабжьу зеужь, еджапIэхэр ящI, щIалэгъуалэм я къэухьыр зэрыхагъэхъуэн Iэмал куэд къызэрагъэпэщ. Нэгъабэ мы унэтIыныгъэм хухахащ сом мелард 16.

Щэнхабзэм и гугъу щищIым, Правительствэм и УнафэщIым къыхигъэщащ ЩэнхабзэмкIэ унэхэр зыхуейзыхуэфIхэмкIэ зэраузэдымрэ библиотекэхэр иджырей мардэм тету зэрырагъэфIакIуэмрэ. Абы къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхыдэ-щэнхабзэ щIэиныр хъумэныр къэрал политикэм и Iыхьэ ину зэрыщытыр. Апхуэдэ щIыпIэу ди республикэм иIэщ 450-рэ.

2024 гъэм ди хэгъэгум ехъулIэныгъэхэр къыпэкIуэу щагъэзэщIащ «Регион для молодых» программэр. Абы ипкъ иткIэ, щIалэгъуалэ зэхуэсыпIэу 5 къызэIуахащ, ныбжьыщIэхэм ядэлэжьэн IэщIагъэлI 550-м я Iэзагъым хагъэхъуащ.

Псэукlэ и лъэныкъуэкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъун Iуэхум республикэм щыщу къызэщIиубыдащ мин 204,7-рэ. Сабий мини 174-рэ щапI унагъуэ мини 110-м ахъшэу иратащ сом мелард 36-рэ, дзэм къулыкъу щызыщIэхэм хухахащ сом меларди 2,5-рэ, унагъуэщIэ 56-м унэ къызэращэхуну тхылъхэр иратащ, ныкъуэдыкъуэ 11-м субсидие къызэрыратын хуей щыхьэт тхылъхэр Iэрагъэхьэжащ, кхъахэ хъуа унэхэм къыщIагъэIэпхъукIащ цIыху 587-рэ.

Премьер-министрыр щхьэхуэу къытеувыIащ гъуэгу IэнатIэм, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр къызэгъэпэща зэрыхъум, бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэм, республикэ мылъкур зэрызэрагъэзахуэ щIыкIэм, нэгъуэщIхэми. КъБР-м и бюджет зэхэлъыр 2024 гъэм сом мелард 70,5-м нэсащ, налогхэмрэ налогым щымыщ хэхъуэхэмрэ процент 18-кIэ нэхъыбэ хъуащ, ар сом мелард 29,2-рэ мэхъу.

Мусуковым игъэбелджылащ лъэпкъ проект 33-м хыхьэу республикэм щагъэзащIэ щIыналъэ проект 47-м къыпэкIуахэр. Нэхъыщхьэращи, а Iуэхур процент 99,31-кIэ зэфIагъэкIащ. Мы гъэм лъэпкъ проект 12-мкIэ къалэн куэд зэфIагъэкIыну я мурадщ, абы папщIэ ди хэгъэгум къыхуаутIыпщынущ сом меларди 10,5-рэ.

2025 - 2027 гъэхэм нэхъыщхьэу зэлэжьынухэми къытеувыIащ къэпсалъэр.

ДяпэкIэ щIэуэ тралъхьэжынущ гъуэгу 17, зыхуей хуагъэзэжынущ гъуэгу Iыхьэ 59-рэ, жылагъуэ зэхуэсыпIэу 37-рэ къагъэщIэрэщIэнущ. 2025 гъэм республикэр хэхуащ «Разработка, стандартизация и серийное производство БАС и комплектующих» лъэпкъ проектыр щагъэзэщIэну хэгъэгуи 7-м.

И къэпсэлъэныгъэм и кIэухым Мусуков Алий къыхигъэщащ зэфIагъэкIар мымащIэми, иджыри къалэн куэд къазэрыпэщытыр, а псори къайхъулIэн папщIэ Правительствэм лъэкI къызэримыгъэнэнур.

- Дэ фIыуэ къыдгуроIуэ, гъэзэщIакIуэ IэнатIэхэми Правительствэми я лэжьыгъэр цIыхухэм я дежкIэ нэрылъагъуу щытын зэрыхуейр, абыхэм я гуныкъуэгъуэхэр къызэрытлъытапхъэр. Республикэм щыпсэухэм гу зылъытапхъэу къагъэлъагъуэмрэ зыхуей-зыхуэныкъуэхэмрэ дгъэзащIэкIэрэщ дэ ехъулIэныгъэхэм дызэрыхуэкIуэнур, - жиIащ абы.

Правительствэм и УнафэщIым утыку кърихьахэр зэпкърахащ депутатхэм икIи упщIэхэр иратащ. Нэхъыбэу зыщIэупщIар бюджет IэнатIэм пэрытхэм я улахуэр хэпщIыкIыу хэгъэхъуэным, хуэдэчых зиIэ цIыхухэр псэукIэкIэ къызэгъэпэщыным, мэкъумэш IэнатIэм пэрытхэм ядэIэпыкъуным, КъБР-м жэщ-махуэм зэпымыууэ лажьэу телевидение иIэным, тхылъымпIэм тету къыдэкI газетхэм зегъэужьыжыным, къулейсызхэм я бжыгъэр нэхъри гъэмэщIэным, щыуэпсым епха шынагъуэ къэмыгъэхъуным теухуахэрщ.

Газетхэм я Iуэху зыIутым ехьэлIауэ жэуап щитым, Мусуковым къыхигъэщащ абыхэм я къэкIуэнур цIыхухэм къызэрагъэсэбэпым елъытауэ зэрыщытыр, иджыпсту щIалэгъуалэм газетым нэхърэ смартфоным еджэну нэхъ къызэращтэр. Ауэ премьер-министрыр зэреплъымкIэ, нобэ газетхэм хъыбар зэрызэбграгъэхракъым я къалэн нэхъыщхьэр, атIэ лъэпкъыбзэхэр зэрахъумэ зы Iэмалу зэрыщытырщ я лъапIэныгъэр зэпхар. Экономикэ бгъэдыхьэкIэхэракъым газетым и мыхьэнэр къызэралъытэр, атIэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэу бгъэдэлъырщ. Абы къыхэкIыкIэ, Мусуковым жиIащ газет еджэхэм я бжыгъэр абы щылажьэхэм хагъэхъуэн, къыдэгъэкIынымкIэ Правительствэр сэбэп хъун зэрыхуейр.

Егоровэ Татьянэ фIыщIэ хуищIащ Правительствэм и УнафэщIым икIи мы лэжьэгъуэ пIалъэм ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр зэраIэр жиIащ:

- Ди пащхьэ къита къалэн псоми дехъулIауэ къызолъытэ. КъБР-м и Парламентым нормативно-правовой акту 30 къищтащ, хабзэ 28-рэ къыдигъэкIащ. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсым дэ жыджэру дыхэтащ абы теухауэ республикэм къыщызэрагъэпэщ Iуэхугъуэ псоми. Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ депутатхэр ядоIэпыкъу СВО-м щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ. СВО-м и ветеранхэм папщIэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым мазэ къэс ахъшэ идогъэхь. Сабий щапI IуэхущIапIэхэр ди нэIэ щIэтщ. А Iуэхухэм хэт дэтхэнэ зыми фIыщIэ фхузощI.

КъБР-м и Парламентым и гъатхэ сессиер зэхуащIыжащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ГимнхэмкIэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

• ЩIэныгъэ зэхуэсхэр

Кавказ лъэпкъхэмрэ Хэку зауэшхуэмрэ

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъуам теухуа Iуэхугъуэхэр дэнэкIи щокIуэкI, 2025 гъэр ТекIуэныгъэм и илъэсу зэрагъэувар и тегъэщIапIэу. Апхуэдэ зэхыхьэ ин иджыблагъэ щызэхашащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым (КъБГКъИ). «Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм: тхыдэ фэеплъхэр, дерсхэр, пцIым пэщIэтыныр» фIэщыгъэр зиIа щIэныгъэ конференцым хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, ди республикэм щылажьэ щIэныгъэ, къэхутэныгъэ IэнатIэ зыбжанэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, еджагъэшхуэхэр.

КОНФЕРЕНЦЫР къызэIуихащ институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дзэмыхь Къасболэт. Зэхуэсым и мурадымрэ зэрекIуэкIыну щIыкIэмрэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэза нэужь, доклад купщIафIэ щищIащ. Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыщ Iыхьэ щхьэхуэхэр зэрыджыпхъэм ехьэлIа чэнджэщхэм теухуат еджагъэшхуэм и къэпсэлъэныгъэ.

- СССР-м Хэку зауэшхуэм къыщихьа текIуэныгъэр 20-нэ лIэщIыгъуэм и къэхъукъащIэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Иджырей дунейм мамырыгъэр, зэпIэзэрытыныгъэр, зэгурыIуэныгъэр щытхъумэфын щхьэкIэ, фIыуэ хэтщIыкIын хуейщ а зэпэщIэувэныгъэ ткIийм щхьэусыгъуэ хуэхъуахэм, абы къэралхэр хуззыша Iуэхугъуэхэм. Апхуэдэуи, пэжыр ди тегъэщIапIэу, кууэ зыщыдгъэгъуэзэн хуейщ зауэшхуэм и тхыдэ напэкIуэцIхэм, абы и лъэужьым кърикIуахэм, - къыхигъэщащ Дзэмыхьым и псалъэм. - ТекIуэныгъэм и мыхьэнэр абрагъуэщ, ар ди къэралым щыпсэухэм я лъэпкъ гупсысэм и Iыхьэшхуэщ. ТекIуэныгъэ Иным и тхыдэр икъукIэ хуэщхьэпэнущ Хэкум къихъуэ щIэблэм я дуней еплъыкIэр тэмэму зэтеублэным.

Дзэмыхьым зэрыжиIамкIэ, ди къэралым Хэку зауэшхуэм къыщихьа текIуэныгъэр уващ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и кIэухыр сыт хуэдэу хъунуми зытращIыхьа къэхъукъащIэу. Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а фIыгъуэм и тегъэщIапIэт ди къэралым и цIыхубэм, Iэщэкlэ зэщIэузэда ди дзэм хэтхэм яхэлъа псэкупсэ къулеигъэ лъагэр, ахэр хэкупсэу, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр ягъэнэхъапэу, фIэщхъуныгъэ лъагэ яхэлъу, зыщыпсэу щIыналъэ иным щызекIуэ социализм хабзэхэр адрей хэгъэгухэм щыIэ гъэщIэ хабзэхэм куэдкIэ ефIэкIыу къалъытэу зэрыщытар. Зауэшхуэм и тхыдэ напэкIуэцIхэм ящыщ куэдым къызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ зэраIэр къыхигъэщу, Дзэмыхьым тригъэщIащ абы и дэтхэнэ къэхъукъащIэри набдзэгубдзаплъэу, пэжым фIэкIа нэгъуэщI сыт хуэдэ еплъыкIи гупсыси тегъэщIапIэрэ лъабжьэрэ мыщIауэ, джын зэрыхуейм. Абы и докладым щыпIэ хэха щагъуэтащ ди къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэхугъуэм. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм фашизмэм, бий ерум пэщIэта партизан зэщIэхъееныгъэхэм текIуэныгъэр къэгъэблэгъэнымкIэ мыхьэнэ ин зэраIар къыхигъэщри, еджагъэшхуэм ар ирипхыжащ мы лъэхъэнэм урысей цIыхубэр ди зауэлIхэм лъэныкъуэ куэдкIэ щIэгъэкъуэн зэрахуэхъум, игъащIэ лъандэрэ къекIуэкI хабзэфIхэр IэщIыб ямыщIауэ.

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым иджырей тхыдэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Тетуев Алим «Хэку зауэшхуэ: пэжымрэ къэгупсысамрэ» и докладым и купщIэ нэхъыщхьэр а зэпэщIэувэныгъэ ткIийр политикэ къару зэхуэмыдэхэм ирагъэкIуэкI «джэгухэм» ноби зэрыхуейуэ къызэрагъэсэбэпырат. Апхуэдэ политикхэр хущIокъу Хэку зауэшхуэм и къэхъукъащIэхэм ящыщ куэд Урысей Федерацэм и пщIэр дунейпсо утыкум щеудыхыным хуагъэлэжьэну, абы щыщыIэ зэпIэзэрытыныгъэр къагъэтIэсхъэну, бий нэхъыбэ ихъуреягъкIэ щрагъэIэну. Тетуевым гулъытэ хуищIащ Хэку зауэшхуэм теухуа пцIы куэд (пэжыр нэхъ мащIэу хэухуэнауэ) хамэ къэралхэм я хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къызэратым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм я мурадщ ди къэралым щызекIуэ жылагъуэ гупсысэр, тхыдэ пэжыр зи тегъэщIапIэр, зэтрахуну, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм я дуней еплъыкIэр езыхэр зэрыхуейуэ лъэныкъуабэ ящIыну. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ, щIэблэр щIэпIыкIын хуейщ тхыдэм и пэжым, хэкупсэу, щалъхуа щIыналъэмрэ и къэрал инымрэ я къыщхьэщыжакIуэ нэсу гъэсэн хуейщ.

ЩIэныгъэ конференцым къыщыпсэлъа еджагъэшхуэхэм ящыщ дэтхэнэми лъэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ иджыри зэ къызэпкърихащ Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцIхэм ящыщу тхыдэ мыхьэнэ зиIэхэр. Апхуэдэт, къапщтэмэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и кафедрэм и профессор Апажэ Еленэ къызэхуэсахэм я пащхьэ щищIа доклад купщIафIэри. Ар теухуат езыхэр къызыхэкIа лъэпкъым дуней псом къыщефIэкI щымыIэу къэзылъытэ фашистхэм, нацистхэм адрей лъэпкъхэр гъэкIуэдыным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэм щрагъэкIуэкIа политикэм.

- ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъу гъэм дэ иджыри зэ, щIэрыщIэу догупсысыж дуней псор фашизмэм щыхъумэным ди къэралым хуищIа хэлъхьэныгъэр зэрыабрагъуэм, абы щIита уасэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу зэрыщытым, - къыхигъэщащ Апажэм и къэпсэлъэныгъэм. - А Iуэхугъуэхэм нэхъри драгъэгупсыс фашизмэм и лъабжьэр зэхэкъутэнымкIэ Совет Союзым мыхьэнэшхуи имыIауэ иджырей зэманым щыжаIэкIэ. Пэжу, фашизмэм ди щIыналъэм щызэрихьа хьэкIэкхъуэкIагъэхэм ящыщ куэдым теухуа хъыбархэр нобэ хуэдэу зэIухауэ, конференцхэм я утыкухэм щаIуатэу, школхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я программэхэм шэщIауэ хэтрэ кууэ щаджу щытакъым. Нобэ ар Iэмал имыIэу дэтхэнэми ищIэн хуей Iуэхугъуэ хъуащ, сыту жыпIэмэ Хэку зауэшхуэм теухуа тхыдэ фэеплъыр, абы и напэкIуэцIхэр хъумэныр мыхьэнэ ин зиIэщи. Ди къэралым къихъуэ щIэблэр щыгъэгъуэзэн хуейщ тхыдэм и пэжым.

Конференцым къыщыпсэлъахэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ Гъут Iэдэм, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, институтым этнологиемрэ этнографиемкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ Аккиевэ Светланэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, институтым къэрэшей-балъкъэр литературэмкIэ и къудамэм и унафэщI Сарбашевэ-Гузиевэ Алёнэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым Урысей тхыдэмкIэ и кафедрэм и профессор Кудрявцев Александр, нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэ-къэхутэныгъэ зэхуэсышхуэм и пленарнэ Iыхьэр зэфIэкIа нэужь, абы кърихьэлIа IэщIагъэлIхэр я унэтIыныгъэ елъытауэ гупгупурэ лэжьащ. Абыхэм доклад купщIафIэхэр, хьэлэмэтхэр щащIащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, институтым и ЩIэныгъэ-инновацэ центрым и унафэщI Къущхьэбий Анзор, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, институтым къэбэрдей-шэрджэс литературэмкIэ и къудамэм и унафэщI Хьэвжокъуэ Людмилэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, институтым къэрэшей-балъкъэр IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и унафэщI Берберов Бурхъан, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м щIалэгъуалэм ядэлэжьэнымкIэ и кафедрэм и доцент Налшык Еленэ, нэгъуэщIхэми. Секцэхэм доклад хьэлэмэтхэр щащIащ КъБКъУ-м и Социально-гуманитар институтым «Тхыдэ» унэтIыныгъэм хуеджэ бакалаврхэмрэ магистрхэмрэ, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ центрым и аспирантхэм.

Конференцым кърихьэлIахэм гунэс ящыхъуащ Iуэхум къыхузэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэр. Зэхуэсым хэта щIэныгъэлIхэм зэрыжаIамкIэ, апхуэдэ зэIущIэхэм хуабжьу мыхьэнэшхуэ яIэщ тхыдэм и пэжыр ди тегъэщIапIэу щIалэгъуалэр къэгъэтэджынымкIэ, щIэблэхэм ящымыгъупщэу, пщIэ хуащIу Хэку зауэшхуэм и фэеплъ щIэинхэр яхъумэнымкIэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ПсэухукIэ лъэхъуэщым исынкIэ мэхъу

НаркотикхэкIхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ Налшык къалэм щыпсэу, илъэс 51-рэ зи ныбжь цIыхухъум илэжь щIэпхъаджагъэр.

АР пыщIащ республикэм и щIыналъэм наркотикхэкIхэр щигъэкIыным. Абы къытрахащ «героин», «метадон» наркотикхэкI грамм 422-рэ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1 статьям и 5-нэ Iыхьэм, 228.1 статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а», «б» пунктхэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зылэжьар и гъащIэр лъэхъуэщым щихьыну ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Дунейм щыхъыбархэр

Сом мин 35-м нагъэсынущ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил зэрыжиIамкIэ, 2025 гъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ Урысейм нэхъ мащIэ дыдэу щат улахуэм процент 16,5-кIэ хэхъуащ, сом мин 19,2-рэ хъурти, сом мин 22,4-м нагъэсащ.

ПРЕМЬЕР-министрым къыхигъэщащ етIанэгъи апхуэдэ дыдэу улахуэм зэрыхагъэхъуэнур. «2030 гъэм ирихьэлIэу нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэр сом мин 35-м нэсын хуейщ. Апхуэдэ къалэныр къытхуигъэуващ Урысейм и Президент Путин Владимир», - жиIащ абы.

Урысей Федерацэм лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министр Котяков Антон Санкт-Петербург щекIуэкIа дунейпсо экономикэ форумым щыжиIащ 2026 гъэм Урысейм нэхъ мащIэ дыдэу щат улахуэм сом мин 27-м зэрыщIигъунур. Абы щыгъуэм цIыху мелуани 4,6-м щIигъум я улахуэр хэхъуэнущ.

ЗэгурыIуэныгъэм и телъхьэщ

ФРГ-м и канцлер Мерц Фридрих жиIащ Берлин, Киев Iэщэ зэрыхуригъашэм емылъытауэ, Украинэм щекIуэкI зэныкъуэкъум и телъхьэ зэрымыхъунур.

«ШЭЧЫНШЭЩ Германиер украинэ зэгурымыIуэныгъэм и лъэныкъуэу къызэрымыувынур. А зэпэщIэтыныгъэр гъэувыIэным теухуауэ дэ псори дызэгъусэу тхузэфIэкIыр зэрыдлэжьыным иужь дитын хуейщ», - щыжиIащ абы ARD телеканалым ирита интервьюм.

Москва къэкIуэн Iуэхум и гугъу щищIым, канцлерым къыхигъэщащ Урысейм зэныкъуэкъум адэкIи зригъэубгъумэ, зэман гъунэгъум апхуэдэ мурад зэримыIэр. Абы щыгъуэми къигъэлъэгъуащ Украинэм екIужынымкIэ щыIэ Iэмалхэр яубзыхун и IуэхукIэ УФ-м и Президент Путин Владимир хуэзэнкIэ зэрыхъунур. «Ауэ абы щхьэгъуситI иIэн хуейщ. Япэрауэ, апхуэдэ Iуэху зэрызэрахуэр хьэкъыу щытыпхъэщ. ЕтIуанэрауэ, ар къызэрыхъункIэ хъунур Украинэр абы хэтмэщ, армыхъумэ и щIыбагъкIэкъым. Ахэр Iуэхум къыхалъытэмэ, утепсэлъых хъунущ, ауэ дэ абы жыжьэрэ гъунэгъуу дыхуэкIуэркъым», - жиIащ абы.

Апхуэдэу Мерц Фридрих къилъытащ 2008 гъэм НАТО-м Бухарест щригъэкIуэкIа зэхыхьэм Украинэр зэгухьэныгъэм хамыгъэхьэну къащта унафэр щыуагъэу.

Бадзэуэгъуэм и 3, *махуэку*

♦ГИБДД-м (ГАИ-м) и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етIуанэу къыхуагъэфэщащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 15 щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 4, *мэрем*

♦1766 гъэм къалъхуащ убыххэм я дзэпщ цIэрыIуэу щыта, Кавказ зауэм и лIыхъужь **Бэрзэдж Дэгумыкъуэ Хьэжы-Исмэхьил**.

♦1920 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Къэбард**.

♦1967 гъэм къалъхуащ тележурналист **Жэман Мадинэ**.

♦1975 гъэм къалъхуащ дунейм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпион **Бажэ Заудин**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 22-рэ, жэщым градус 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Къэралым и сэбэп зыхэлъыр яхъумэ

Бадзэуэгъуэм и 1-м ди къэралым щагъэлъапIэ Зауэ зэпэщIэтыныгъэм хэта ветеранхэм я махуэр. Ар хуэгъэпсащ Хэкум и сэбэп зыхэлъхэр яхъумэу зауэ зэпэувыныгъэхэм хэтахэм.

АФГАНИСТАНЫМ щыхэкIуэда зауэлI-интернационалистхэм я фэеплъым деж а махуэм пэкIу щекIуэкIащ. Абы хэтащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистанымрэ Дзэ Iуэху хэхамрэ я ветеранхэм я урысей зэгухьэныгъэм и щIыналъэ жылагъуэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Тхьэгъэлэдж Тимур, дзэ Iуэху хэхам и ветеран, КъБР-м и Парламентым и депутат Шевчук Герман, ведомствэм и IэнатIэхэм я унафэщIхэр, дин, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм, СВО-мрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэр.

- Мыр я фэеплъ махуэщ ди къэралым ифI зыхэлъхэр хэкуми, абы и щIыбкIи къэмыланджэу, щIыхь пылъу зыхъумахэм. Абы зэкъуегъэувэ дзэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэту ди къэралым и щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа ветеран псори. Нобэ къулыкъур езыхьэкIхэми щIыхь пылъу зэфIах дзэ Iуэху хэхам къигъэув къалэнхэр. Хэкум папщIэ хэкIуэдахэм я фэеплъыр тщыгъупщэнкъым! Ди щхьэ яхудогъэщхъ зауэ Iуэхухэм я ветеранхэм! ФIыщIэ мыухыж яхуэфащэщ Хэкум и хъумакIуэхэм, я лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ! - къыхагъэщащ къызэхуэсахэм.

КъБР-м ис муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэ Мисиров Хъызыррэ КъБР-м щыIэ МВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэ - Налшык округым и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэ Бобылёв Валентинрэ хэкIуэдахэм тхьэ яхуелъэIуащ.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру республикэм щыIэ Крючков Вячеслав хэтащ Армеец ныбжьыщIэхэм, «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгухьэныгъэхэм я щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэм медалхэр, щIыхь тхылъхэр зэрыратым теухуа зэIущIэм.

Зауэ зэпэщIэтыныгъэм хэта ветеранхэм я махуэм теухуа Iуэхухэр щекIуэкIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я Ветеранхэм я советым, апхуэдэуи «Фэеплъым и МафIэ мыужьых» мемориалым икIи абдежым удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

«Бжэ зэIуха»

Урысей гвардием и дзэ часту Звёзднэ жылэм щыIэм «бжэ зэIухам» и махуэ щрагъэкIуэкIащ, «Зыгъэпсэхугъуэр Урысей гвардием щIыгъуу» акцэм хыхьэу. Абы хэтащ республикэм и ЩIалэгъуалэ палатэм щыщхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжым и студентхэмрэ.

ЗИ щIалэгъуэхэм Iэмал ягъуэтащ росгвардейцхэр къызэрызэгъэпэщамрэ я къулыкъумрэ щыгъуазэ защIыну, апхуэдэуи дзэм къулыкъур щезыхьэкIхэмрэ лъэпкъ гвардием и дзэхэм хэтхэмрэ къахукъуэкI Iэмалхэм, ефIэкIуэныгъэхэм теухуауэ нэхъыбэ къащIэну.

ХьэщIэхэр щагъэгъуэзащ дзэ техникэмрэ къызэрызэгъэпэщахэм я теплъэхэмрэ, апхуэдэуи дзэ частым зыщрагъэплъыхьащ. КъинэмыщIауэ, ирагъэлъэгъуащ IэнатIэ зэхуэмыдэхэм я лэжьыгъэр, кърагъэщIащ ахэр зыхуэгъэпса унэтIыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ.

- Мы Iуэхур хэкIыпIэфIщ ди къулыкъур, къалэн дгъэзащIэ къудей мыхъуу, зыдужьыну, щIэ куэд къэтщIэну Iэмал къызэрыдитыр икIи адэкIэ зытIэтынымкIэ сэбэп зэрытхуэхъур къэдгъэлъэгъуэнымкIэ, - къыхигъэщащ дзэ частым и командирым дзэ-политикэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Беляев Сергей.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Я щхьэ хуэлажьэхэр

2025 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым я щхьэ хуэлэжьэжыну налог хэзых IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэм я бжыгъэр мин 88-рэ хъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процента 117-кIэ ар нэхъыбэщ.

Я ЩХЬЭ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэр ремонт щIыным, маркетингым, репетиторым, цIыхухэр гъэдэхэным пыщIа Iуэхутхьэбзэхэм, таксим, фэтэр бэджэнду тыным, IT-IэнатIэм, хьэлъэхэр гъэIэпхъуэным, езыхэм къыщIагъэкIа хьэпшып, ерыскъы щэным пэрытщ нэхъыбэу.

Къыхэгъэщыпхъэщ апхуэдэ цIыхухэм щхьэкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэ зэхуэмыдэхэр щIыналъэм зэрыщыIэр, программэ щхьэхуэхэр зэрылажьэр. Абыхэм хохьэ я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм къыхаха IэнатIэм и щэхухэм ахэр хуегъэджэныр, чэнджэщхэр етыныр, мылъкукIэ защIэгъэкъуэныр, щыжаIащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пэжыр шы щIакъуэ тесми, здэкIуэм нэсынщ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

БлыщIым нахусыну пIэрэ?

● Пенсэхэр

Урысейм пенсэ реформэр щокIуэкI. Ар щиухынур зи ныбжьыр илъэс 65-м ит лIыжьыр е 60-м нэса фызыжьыр къэралым ахъшэ къриту тIысыжыну щыхуитыну 2028 гъэрщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2025 гъэм пенсэ хуагъэувынущ илъэс 63-рэ къэзыгъэщIа цIыхухъухэмрэ илъэс 58-рэ зэрыхъуар зыгъэлъапIэ цIыхубзхэмрэ. АрщхьэкIэ занщIэу упщIэ къыкъуокI: абдеж къыщыувыIэну пIэрэ?

ЗЫДЭПЛЪЕИН щыIэщ: псалъэм папщIэ, Данием мурад ищIащ цIыхухэр пенсэм щыкIуэ ныбжьыр илъэс 70-м нигъэсыну. Пэжу, зэуэкъым, атIэ 2040 гъэм ирихьэлIэущ, апщIондэху, зэрыжаIэщи, е зи щIыхуэ птелъыр лIэнщ е шыдыр лIэнщ... Абы къегъэлъагъуэ мы Iуэхур псынщIэу зэремыкIуэкIыр икIи ар лъэхъэнэ кIыхькIэрэ зэрызипыудар. Абы къыхэкIыу нобэ псэу нэхъыжь куэдым ар къажьэхэуэнукъым.

Пенсэ ныбжьым хэгъэхъуэныр дуней псом хабзэу къыщокIуэкI. Ар япэу зэпхари къэралым цIыхуу къыщалъхур зыхуэдизырщ. Нэхъыбэ къыщалъхумэ, пенсэ зратым телажьэ цIыхухэр нэхъыбэщ, а щхьэусыгъуэм къыхэкIыуи, пенсэм щагъакIуэ ныбжьыр къаIэтыркъым. Ауэ дунейм къытехьэхэм я бжыгъэм кIэрыхумэ, зи гугъу тщIы Iуэхур фIэкIыпIэ имыIэу къыкъуокI.

Апхуэдэ дыдэу къыщалъытэ цIыхур ику иту зэрыпсэу илъэс бжыгъэри: гъащIэр нэхъ кIыхьыхукIэ, пенсэм щагъакIуэ ныбжьым зеIэт. Мис а Дание дыдэм цIцыхухъухэр ику иту илъэс 82-м нэблагъэ мэпсэу, цIыхубзхэр 83-м щыщIегъу. Ди деж а бжыгъэр 2023 гъэм ику иту зэрыщыхъуар илъэс 73,4-рэщ (цIыхухъухэм - илъэс 69-рэ, цIыхубзхэм илъс 78,9-рэ - ди тхыдэм зэи нэхъапэм къыщымыхъуа бжыгъэ лъагэхэщ). Сабийуэ къалъхур зыхуэдизымкIи Даниер ди япэ итщ - зы цIыхубз къэс хуэзэу 1,67-рэ, ауэ, зэрытлъагъущи, ари пщалъэм пэжыжьэщ. Ди деж, а бжыгъэр зэрыщыхъур 1,47-рэщ.

Зыгуэрхэр щIэупщIэнщ: сыт дэ Даниер къызэрытпыщIар? Щхьэ зедгъэпщэн хуей? Зедгъапщэми и гъуэджэкъым. ЗэкIэлъыкIуэу илъэс зыбжанэ хъуауэ Данием щыпсэухэр дунейм щынэхъ насыпыфIэ дыдэу къалъытэ, зи экономикэм лъэщу зиужьа къэралщ. Пэжщ, щIыгъужын хуейщ Евросоюзым, НАТО-м жыджэру зэрыхэтыр. ИкIи, гъэщIэгъуэныращи, абырэ Урысеймрэ зэгуэр занщIэу зэпэщIэувауэ е зэзэуауэ тхыдэм имыщIэжми, ди жагъуэгъухэм, псом хуэмыдэу Украинэм ехьэлIа къаугъэр къэхъея иужькIэ яхыхьащ. ЗэкIэ дигу къыщIэдгъэкIари абы пенсэ ныбжьыр илъэс 70-м нихусуну зэрыхуейр зэрыжиIа къудейрщ.

ЕС-р, къапщтэмэ, а зэгухьэныгъэм мы зэманым ику иту пенсэ ныбжьыр илъэс 64,7-м щынос. А бжыгъэр щынэхъ лъагэщ Ищхъэрэ Европэм. ЦIыхухъухэри цIыхубзхэри щызэхуэдэу, Данием, Норвегием, Исландием илъэс - 67-м пенсэ щыхуагъэув. Щынэхъ цIыкIу дыдэр Грециерщ, Люксембургырщ, Словениерщ - илъэс 62-м. Австриеми Польшэми цIыхухэр мылажьэу щагъэтIысыж я ныбжьыр илъэс 60-м нэсауэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, 2060 гъэм ирихьэлIэу европейхэр пенсэм кIуэнущ илъэс 70 ныбжьым иту икIи, мыхьэнэшхуэ зиIэр аращи, я лэжьапщIэу щытам и процент 60 нэхърэ мынэхъ мащIэр я жып илъу. Ди деж щаIэрыхьэу щыта хэхъуэм и Iыхьэ щанэри къащыIэрыхьэжыркъым.

Уегупсыс зэрыхъунумкIэ, къахуэнэжыр, пенсэм кIуами, лэжьэнырщ. АрщхьэкIэ урысейхэр хущIэкъуркъым загъэпIийуэ лэжьапIэ Iутыну. Къапщтэмэ, нэгъабэ лэжьар пенсионер псоми я процент 20-м нэблагъэрщ (цIыху мелуани 8,2-рэ). Евросоюзым щынэхъ мащIэжщ - процент 13. ЖьыкIэфэкIэ лэжьакIуэхэр щынэхъ мащIэ дыдэщ Румыниемрэ (процент 1,7-рэ) Грециемрэ (проценти 4,2-рэ). Лэжьыгъэм нэхъ щыхуопабгъэ Прибалтикэм: Эстонием - процент 54,9-рэ, Латвием процент 44.2-рэ. Литвам процент 43,7-рэ. Ар Евросоюзырщ.

США-м щагъэувагъэххэкъым цIыхур къэралым пенсэ щигъакIуэ ныбжь. Ауэ абы щолажьэ илъэс 65-м щIигъуахэм я процент 23-р. Пэжщ, а илъэс бжыгъэм нэса иужь американхэр хагъэхьэ зи ныбжь хэкIуэтахэу медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуащIэхэм, хущхъуэхэр пщIэншэу къыIахынымкIэ хуитыныгъэ зиIэхэм. Илъэс 67-рэ ирикъуамэ, соцстрахованэм и хабзэм щIагъэувэ.

Аращи, пхузэфIэкIыху, уи къару дэхуэху улажьэмэ нэхъыфIщ. Хуей-хуэмейми, цIыхухэр мылажьэу щымыхъу щытыкIэ иувэнущ. Мы зэманым фэ теткъым сабийуэ къалъхухэм я бжыгъэр псынщIэу къыдэкIуеижыну. Абы щыгъуэми, хуэмурэ цIыху гъащIэр нэхъ кIыхь мэхъу. Пенсэ фондхэм я хэхъуэхэм хощI. Аращи, иджырей пенсэ реформэр иуха иужь лъабжьэ псори диIэу хуэдгъэфащэ хъунущ абы къыпащэнкIэ зэрыхъунур. Ауэ ар зэхьэлIар пенсэм кIуэмэ тIысыжыну зызыгъэхьэзырхэрщ, абыхэм къакIэлъыкIуэнухэрщ.

● Тхыдэ

И щапхъэм ирикIуахэт

Иджырей Урысейм пщIэ щыхуащI Столыпин Пётр. Абы щыгъуэми, Совет Союзым и зэманым хьэм ирагъэхьу щытащ. «Столыпин реакцэр» школхэм зэрыщрагъаджэ тхыдэ тхылъхэм къыщыгъэлъэгъуат империем щызэрахьа нэхъ гущIэгъуншэ Iуэхухэм ящыщ зыуэ. Арат зэрыцIэрыIуэри. Мы зэманым ар ягу нэхъыбэу къызэрагъэкIыжыр а цIыхум къуажэр къиIэтыну зэрыхущIэкъуарщ, щхьэтечу жыпIэмэ, абы и теплъэр къанэ щымыIэу зэхъуэкIыным хуэгъэзауэ илъэси 115-рэ ипэкIэ, 1910 гъэм накъыгъэм и 27-м Къэрал Думэм и ещанэ хэхыгъуэм къригъэщта аграр реформэщ. Езы къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министрым икIи правительствэм и Iэтащхьэм «революцэ» псалъэр илъагъу мыхъуми, ар шэч зыхэмылъыжу мы IэнатIэм щача революцэ лъэбакъуэт.

ЕЗЫ реформэр парламентым щыпхыкIар иджыми, ар ипэжыпIэкIэ илъэс зыбжанэ хъуауэ екIуэкIырт, фIыуэ хэлъри белджылыт. Мис бжыгъэхэр. 1906 гъэм зы щIы дестынэм гуэдз пут 37-рэ ику иту къэралым къыщытрахыу щытамэ, 1909 гъэм ар пут 54-м нэсат. Урысейми и гъавэ щIапIэхэм процент 14-кIэ, Сыбыр къудейм процент 71-кIэ (!) щыхэхъуат. Мэкъумэшым зэрелэжь машинэхэу ящэр хуэди 5,5-кIэ, минеральнэ щIыгъэпшэрхэу ирагъэкIым хуэди 7-кIэ заIэтат. ИкIэм-икIэжым 1909 гъэм Урысейм нэгъуэщI къэралхэм яуригъэшащ пут мин 663-рэ икIи абы и лъэныкъуэкIэ Европэм япэ увыпIэр щиубыдащ. Гъавэ зыщэ нэгъуэщI къэралхэм яхузэфIэкIар къэплъытэмэ (Канадэм пут мин 202-рэ, США-м - мин 320-рэ, Аргентинэм - мин 530-рэ) ар хэпщIыкIыу япэ ищат.

Мыбдеж, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щеух ехъулIэныгъэхэр. Адрей бжыгъэхэм ахэр фагъуэ ящIыж. Зы цIыхум тещIыхьауэ къалэжьамрэ ящам яужькIэ къахуэнэжамрэ ятепщIыхьмэ, империем зэрызыщытхъужын имыIэу къыщIокI. 1913 гъэм Канадэм зы цIыхум хуэзэу къыщрахьэлIащ гъавэ пути 117-рэ, ирашыныр ираша иужь къахуэнэжащ пут 91-рэ. Иужьрей бжыгъэр Аргентинэм пут 93-рэ, США-м пут 60 щыхъуащ. Урысей зы цIыхум хуэзэу къыщалэжьыр пут 31-рэ къудейт, къыщыхуэнэжыр пут 28-рэт. Гуэдз нэхъ мащIэ къызыхуэнэжыр Аргентинэм и закъуэт, ауэ абы нэхъыбэу щашхыр лыт, абы лыр тхьэмыщкIэхэм я ерыскъыуэ къыщалъытэрт, урыс мэкъумэшыщIэхэм ар яхузэрымыгъэгъуэтми.

Зэрытлъагъущи, реформэм Iеи фIыи къишакъым. Ар зыужьыныгъэм и зыгъэзэгъуэ къудейт. Ягъи кIынтэкъым, зи гугъу тщIы реформэр зэрырагъэкIуэкI щIыкIэр къемызэгъыу щымытамэ! Столыпиным и мурадар мэкъумэшыщIэхэр зытет общинэ (зэдзей) Iуэху щIэкIэм къуажэр къытригъэкIыу къутыр (хутор) лэжьэкIэм (я мылъкур зэхэту зы унафэм щIэтыным) хуэгъэкIуэнырт. АрдыдэмкIэ къызэпыуда хъурт мэкъумэшыщIэр ижь-ижьыж лъандэрэ зытета хабзэр. Ар зригъэхъулIэн папщIэ пащтыхьым 1906 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м указ къыдригъэгъэкIащ. И къулыкъуитIри къигъэсэбэпри, занщIэу яужь ихьащ игъэзэщIэным: къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру щыту, пхигъэкIыу хуежьащ «щIышхуэ зыбгъэдэлъ мэкъумэшыщIэр къэралым и лъэщагъым и къыхэкIыпIэщ» гупсысэр, и премьер-министр къулыкъумкIэ губернэхэм яхуигъэхьащ мыпхуэдэ дэфтэр: «Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министр зиусхьэным и унафэкIэ дяпэкIэ фи лэжьыгъэм хуащIыну пщIэр зэлъытауэ щытынур Зи ЩIыхьыр лъагэм и указыр зэрагъэзащIэм елъытауэщ». ГуитIщхьитI хэлътэкъым. Ауэ зыгуэр къэтт: реформэм законым и къару игъуэтатэкъым. МэкъумэшыщIэхэм ядэртэкъым зэса Iуэху зехьэкIэм къытекIын, абыхэм къыщхьэщыж социалистхэм реформэр парламентым и япэ, етIуанэ хэхыгъуэхэм щыпхагъэкIатэкъым Столыпиным зыкъыпэщIэзысэ Къэрал Думэр зэбгрихури, щIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, езым къедэIуэн хригъэхащ. Арати, псори и пIэ иувэжащ.

Ауэ зыхущIэкъу зэхъуэкIыныгъэхэм къэкIуэну яIэтэкъым. Къутыр ящIа общинэхэм я бжыгъэр зэрыхъуар 947-рэщ. Абы щыгъуэми, Урысейм и европей лъэныкъуэм и закъуэ инми цIыкIуми къуажэ мин 492-м нэблагъэ щыIэт. Щхьэусыгъуэри къызэрыгуэкIт: мэкъумэшыщIэхэм яIэтэкъым лъэкIыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ уней лъапсэхэр къызэрагъэпэщын папщIэ зыхуеину щIы. ГурыIуэгъуэ хъуат лIакъуэлIэшэмрэ къэралымрэ ябгъэдэлъ щIыхэр ямыгуэшауэ зы реформи и пIэ зэримыкIынур. ЕтIуанэ щхьэусыгъуэт къуажэдэсхэр щIэм зэрыщышынэр, ахэр зэса псэукIэ-лэжьэкIэм къытекIыну зэрыхуэмейр.

Столыпиным жиIэрт: «ЩIы реформэм и ехъулIэныгъэм къегъэлагъуэ ар къулыкъущIэхэм къызэрамыгупсысар... МащIэ-мащIэурэ, хэгъэзыхь гуэри хэмылъу езыр-езыру, Урысейм зыщаубгъунущ уней мылъкуу щыт лъапсэ жьгъейхэмрэ курытхэмрэ. Ар къалэн инщ - ди къэралыгъуэмрэ щэнхабзэмрэ я лъэщагъыр къызэбгъэпэщыныр».

АрщхьэкIэ залымыгъэрэ хэгъэзыхьрэ хэмылъу Iуэхур зэфIэкIакъым: япэ урыс революцэм и иужьрей илъэс 1907 гъэм мэкъумэшыщIэхэм Урысейм зыкъыщаIэтащ 2557-рэ, реформэм зыщиубгъуа 1910 гъэм а бжыгъэр 6275-м нэсащ. Лъы ягъэжащ. Зэвгъапщэт: 1825 гъэм къыщыщIэдзауэ 1905 гъэр къэсыху политикэ щхьэусыгъуэхэмкIэ цIыхуи 192-рэ щхьэпылъэ ящIащ, 1906 - 1911 гъэхэм - 3015-рэ.

Мис аращ, фIы уигу илъми, цIыхур зыхуэмейм епхулIэмэ, узыхуишэр. Большевикхэм коллективизацэм и зэманым лей зэрахьащ. Ахэр ипэжыпIэкIэ Столыпиным и лъэужьым ирикIуащ, арщхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, езыхэм къабгъэдэкIыу щIэ гуэрхэри халъхьащ. Дауи, я мурадхэр зэтехуэртэкъым.

● «Адыгэ псалъэм» и гъэсэнхэр

Анэдэлъхубзэм теухуа гупсысэхэр

Урыс педагогикэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Ушинский Константин жиIэгъащ: «Уи бзэр зэи мыужьыхыж бзийм хуэдэщ». Абы шэч хэлъкъым, ауэ а хъугъуэфIыгъуэр пIэщIэмыкIын, бзэм ехьэлIамэ, пщымыгъупщэн папщIэ сыт щIэн хуейр? Сыт хэтлъхьэфыну абы зиужьын, къэкIуэну зэманым хэмыкIуэдэжын папщIэ? Абы теухуа си гупсысэхэмкIэ сывдэгуэшэнут.

БЗЭР псэун щхьэкIэ нэхъыщхьэр абы урипсэлъэнырщ. Адыгэбзэр жьэгу пащхьэхэм дэлъыным и мызакъуэу, утыкушхуэхэми къыщагъэсэбэпын, жаIам къыщымынэжу, ирилэжьэн хуейщ. ЦIыхум и бзэращ и япэ егъэджакIуэ Iущри, и узэщIакIуэри, и дунейр бей хуэзыщIри. Уи анэдэлъхубзэм къыхэпхыфынум хуэдиз акъыл зы егъэджакIуэми къыббгъэдилъхьэфынукъым. Дунейр къызэригъэщIрэ цIыхум и зыузэщIыныгъэр къыщежьэр къыдалъхуа бзэращ - анэм и бзэращ.

Уи бзэр пхъумэныр, ар нэхъ къулей пщIыныр, абы зебгъэужьыныр, шэрыуэу дэнэ дежи къыщыбгъэсэбэпыныр уи щхьэ закъуэ Iуэхукъым, атIэ лъэпкъ, къэрал Iуэхущ.

Лъэпкъым и лъэпкъыщIэр щыфIэкIуэдыр и бзэр IэщIэхуа нэужьщ, абы щыгъуэм деж къэралри зы лъэпкъкIэ нэхъ къулейсыз мэхъу. Апхуэдэ къэхъуащ Урыс-Кавказ зауэм и зэранкIэ. Зэман гущIэгъуншэм IэщIэкIуэдащ илъэс мин зыбжанэ зи ныбжь бгырыс лъэпкъ мащIэм щыщ убыххэр.

Хьэкъыу пхыкIауэ дэтхэнэ зы цIыхуми и фIэщ хъун хуейщ бзэр кIуэдыныр зэрыгузэвэгъуэшхуэр. И бзэр псэухукIэщ лъэпкъри зэрыпсэур, зи бзэр зыIурымылъыж лъэпкъыр езыри щыIэжкъым.

Адрей лъэпкъ мащIэхэми хуэдэу, адыгэхэми къалэнышхуэ къытпэщытщ ди анэдэлъхубзэр тхъумэжын, убыххэм я бзэм и махуэр къытхуэмыкIуэн папщIэ. Нобэ дэ пхытшыну лъагъуэм куэдкIэ елъытащ ди щIэблэр пщэдей зытеувэну гъуэгур, ди бзэм елъытауэ дэ длэжьырщ абыхэм гъуазэу яIэнур.

Къыхэгъэщыпхъэщ ди адыгэбзэр зэрыдахэр, зэрылантIэр, зэрыкупщIафIэр. АдыгэбзэкIэ жыпIам къызэщIикъуэ псор нэгъуэщIыбзэкIэ нэгъэсауэ зэбдзэкIыныр икъукIэ гугъущ.

ЩыIэщ адыгэбзэ зымыщIэххэу адыгэу зызыбжыж куэд. Абыхэм зеплъыта нэужьщ, адыгэбзэр пщIэныр зэрынасыпышхуэр къыщыбгурыIуэр.

Унагъуэм адыгэбзэр илъмэ, абыкIэ зэпсэлъэныр хабзэу къыщекIуэкIмэ, сабийм адыгэбзэ къимыщтэнур, абы и щэхухэр къащIэу я бзэр хуэкъута мыхъункIэ Iэмал иIэкъым. Аращ и «IункIыбзэIухыр» бзэ гуэр зэбгъэщIэным.

«Узэгугъур къогугъуж», жеIэ адыгэ псалъэжьым, аращ анэдэлъхубзэри - уегугъумэ, урилажьэмэ, тэмэму ухущытмэ, абы зиужьынущ, нэхъри ефIэкIуэнущ, нэхъ къулей, шэрыуэ хъунущ.

Ди зэманым цIыхухэм жаIэу зэхыбох: «Адыгэбзэр къулейсызщ, къарууншэщ, ар бджыуэ зэман щIэбгъэкIуэдын щыIэкъым, ар дэ къытхуэсэбэпынукъым». Анэдэлъхубзэр къэмысэбэпыну, абы и зыужьыныгъэм мыхьэнэ имыIэу къэзылъытэхэр цIыху «къулейуэ» жыпIэфынукъым. Бзэр къулейкъым икIи къулейсызкъым, ар фIырэ IейкIэ зэхагъэжыркъым. Зыхуейр псори епхьэлIэмэ, зыужьыныгъэшхуэ зымыгъуэтын бзэи щыIэкъым. Псори зэлъытар ирипсалъэм хуищI пщIэращ, гугъу зыдригъэхьу и бзэр зэрызригъащIэращ.

Адыгэбзэр хъумэнымкIэ, абы зегъэужьынымкIэ къалэнышхуэ зи пщэ къыдэхуэхэм ящыщщ ди лъэпкъ щэнхабзэри. Уи бзэм пщIэ зэрыхуэпщIыжыр абыкIэ уи лъэпкъ хабзэхэр, щэнхабзэр зэрызепхьэр зылъагъу щIэблэр хущIэкъунущ уэ къызэрыбдэплъеиным. Апхуэдэу щыщыткIэ, а Iуэхум гулъытэшхуэ щыхуэщIыпхъэщ сабий гъэсапIэхэм, пэщIэдзэ классхэм, класс нэхъыжьхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм. ЩIэблэм нэхъыфIу къищтэр жепIэракъым, ебгъэлъагъурщ. И бзэр фIыуэ илъагъуным, ар иджыным гукъыдэж хуиIэн папщIэ, сабийхэми студентхэми я нэгу щIэгъэкIын хуейщ къыдалъхуа бзэм лъэпкъым, къэралым я пащхьэм щиIэ пщIэр. А псор зымыгъэзащIэм и лъэпкъыр зытес къудамэр и IэкIэ пиупщIыжу аращи, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм узыхуишэнур насыпыншагъэщ. Дыхуэвгъэсакъ ди анэдэлъхубзэм.

ЛIЫГУАЩIЭ Зарянэ.

ЗэгурыIуэрщ зи насыпыр

ЕУЭРИ, зы къуажэ гуэрым зы лIыжьрэ зы фызыжьрэ дэст. Фызыжьым и Iыхьлы и благъэхэр къыкIэлъыкIуэрейт, ауэ лIыжьым и благъэ иIэу, и къуэш зэи пщIантIэм къыдыхьатэкъыми, зы махуэ гуэрым фызыжь цIыкIум жиIащ:

- Ей, лIыжь, зы благъэ уиIэкъэ, дунейм къытехьэу зыри слъагъуркъым.

- Уэлэхьи, си куэдым, благъибгъу сиIэм, дыкъулейсызыщщи, сыкIуэфыркъым, - жиIащ, езыхэр къулейщи къакIуэркъым.

- НтIэ укIуэнумэ, сэ узгъэхьэзырынщ, - жиIащ фызыжьым.

- Уэлэхьи, сыкIуэнтэм!

Еуэри фызыжь цIыкIум хьэлIамибгъу игъэхьэзыращ, мылъкуу яIэр арати, хьэлIамибгъур къэлътмакъым ирилъхьэри: «КIуэ уи благъэм я деж», - жиIэри, лIыжьыр гъуэгу тригъэуващ.

Зы благъэм дыхьэри, зы хьэлIамэр яритащ, яфIэIэфIу яшхащ къыщытхъуу, зы дыщэ кIанэ ин кърataщ абы щхьэкIэ. ЕтIуанэрей благъэм дыхьэри, зы хьэлIамэ яритащ, зы дыщэ кIанэ кърataщ. Апхуэдэурэ дыхьэурэ хьэлIамибгъур благъибгъум яритащ, дыщэкIанибгъу кърataщ.

ДыщэкIанибгъур иIыгъыу къафэу, джэгуу, гуфIэу къэкIуэжырт лIыжь цIыкIур. Зы шу къыхуэзащ абы:

- Мыр лIо, уи хьэм бажэ къиубыда? - жеIэри къоупщI.

- Уэлэхьи, мыпхуэдэурэ си Iуэхур къекIуэкIам, хьэлIамибгъу зэстахэм дыщэкIанибгъу къызатауэ сохьым.

- Дызэгъэхъуажэ, - жиIащ

- Сыт къызэптынур?

- Мы шы-уанэ зэтелъыр узот?

- Уэлэхьи, сыарэзым, къащтэ, - жиIэри, шыуанэ зэтелъыр къыIихри дыщэкIанибгъур иритащ.

ЛIыр лъэсу ежьэжащ, дыщэ кIанибгъур иIыгъыу. ЛIыжьыр шууэ шэсыжащ.

И гъуэгу техьэжауэ здэкIуэм, зы мэл къилъэфу зылI гуэр къыхуэзащ.

- Зи анэр зышхыжа мэл, уэ бжесIэнур сщIэрт сэ, ауэ жысIэ мыхъу, - жиIэрт.

КъэувыIэщ лIыжь цIыкIури еупщIащ:

- ЛIот абы жепIэну къэхъуар, уи гум илъыр?

- ИпэкIэ зы мэл къэсщэхуауэ слъэфырти къысхуэкIуэртэкъым, и лъакъуиплIри зэщIигъэкъуауэ: «Укхъуэщ, укхъуэщ!» - жысIэурэ сыкъыздэкIуэм, «къэувыIэт» - жиIэри, зыгуэрым сыкъигъэувыIащ.

- ЛIо мы мэлыр зэрыпщIынур?

- Уей, къурмэну сыукIыным!

- НтIэ ар къурмэн хъужынукъым, «кхъуэ» тепIуащи, - бзэзэрым шэжи щэж, нэгъуэщI къэщэху къызжиIащ. НэгъуэщI къэсщэхуауэ сошэ, ауэ мыр гуэрми зыщIегъакъуэ лъакъуиплIри, зызегъэлъэф, «жысIэну мыгъуэр сщIэрт», щIыжысIэр арaщ.

Къеплъщ къеплъри:

- Дызэгъэхъуажэ! - къыжриIащ. - Мы мэлыр узот уи шымкIэ?

- Уэлэхьи, сыарэзым, къащтэ, - жиIэщ, шыуанэ зэтелъыр иритри, мэлыр къыIихащ.

Мэлыр иIыгъыу къакIуэурэ, зыгуэрым зы адакъэ иIыгъыу кърихьэлIащ, ауэрэ зэдэуэршэрурэ лIыжь цIыкIум и Iуэху къызэрекIуэкIар хуэмурэ жриIэжащ.

- НтIэ уи мэлыр къызэт, мы адакъэр узот, - къыжриIащ.

- Уэлэхьи, сыарэзым, къащтэ - жиIэри мэлыр адакъэкIэ къиихъуэжащ.

Адакъэр къыIихауэ къэкIуэжурэ зылI упщIэ пыIэ щхьэрыгъыу къыхуэзащ. Мыдрейр къафэрт, гуфIэрт, уэрэд жиIэрти: «Сыт къыпщыщIар»? жиIэри къеупщIащ.

- И Iуэхур къызэрекIуэкIар щыжриIэм:

- Си упщIэ пыIэмкIэ къызэхъуэж уи адакъэр, - къыжриIэри, адакъэ гуэрыр ихъуэжащ упщIэ пыIэмкIэ.

Ауэрэ къафэу, джэгуу, гуфIэу къэкIуэжурэ псышхуэ гуэрым къикIын хуейти, псы тIэкIу ефэну щхьэщыгъуалъхьэри, упщIэ пыIэр псым ихьащ. Иджы абдежым шыгуибгъу Бакуу къикIыжу зэхэтт, хьэпшып дыщэгуибгъу къашэрт шы тIурытI щIэщIауэ: «Уа, мы лIыжь цIыкIур щIэгуфIэр зэдгъэщIэнщ», - жаIэри зыбгъэдашэщ, къеджэри:

- Сыт мыпхуэдизу ущIэгуфIэр, укъыщIэфэр, уэрэд щIыжыпIэр? - жаIэри къеупщIащ.

И Iуэхур зэрыхъуар псори яжриIэжащ.

- НтIэ уи фызым зыри къыбжиIэнукъэ а къомыр жепIэжмэ?

- Зы цIыкIу къызжиIэнукъым. IэплIэ къысхуищIынущ, къысщыгуфIыкIынущ.

- Алыхьыр сыгъэпцIа, абы зыри къыбжимыIэмэ, мы шыгуибгъум щIэщIа шы тIурытIыр, дыщэрэ мылъкуу илъыр уэттынмэ, - жаIэщ, баз зэпихьэхэри, лIыжь цIыкIум я деж къэкIуащ.

Фызыжь цIыкIур къыщIэжри:

- Сыту фIыт на, къохъусыж, жиIэри ирігъэблагъэжащ. Дауэ ухъуа, сыт уи зэхэзекIуэ, уи благъэхэр плъэгъуа?

- Уэлэхьи, слъэгъуам! Уэлэхьи, хьэлIамибгъур яфIэIэфIу яшхам, дыщэкIанибгъу къызитам, - жиIащ.

- А-на, сыту фIыт! Алыхь унэшхуэ едгъэщIынщи, гуащэхэм нэхъыфIыжу сэри зысхуэпэнмэ.

- Уэлэхьи, дыщэкIанибгъур шы-уанэ зэтелъкIэ схъуэжам сыкъыздэкIуэжым, - жиIащ.

- Алыхь нэхъыфIыжыр пщIам! А шым утесу «ЩIау!» - жыпIэу шым уеуэу удэкIыу хэт имылъагъунрэт! Сыту фIы дыдэу пщIа! - къыжриIащ.

- Уэлэхьи, а шы-уанэ зэтелъыр мэлкIэ схъуэжам сыкъыздэкIуэжым, - жиIащ.

- А-на гущэ, сыту фIы дыдэт! ДагъэкIэ си щхьэцыр цIуужу слъэщIынщ, ар ди ныбэ изу тшхынщ, и фэр нэмэзлыкъ тщIынщ, пэжу пщIам, - жиIащ аргуэру.

- Уэлэхьи, мэлыр адакъэкIэ схъуэжам - жиIащ.

- Алыхь нэхъыфIыжыр щыпщIар иджым, - жиIащ, «Уlу, уlу!», - жиIэурэ нэхущым деж адакъэр Iуэуэ, абы дыкъыдэтэджу, ар сыту фIыщэу пщIа! - къыжриIащ аргуэру.

- Уэлэхьи, сыкъакIуэурэ адакъэр упщIэ пыIэкIэ схъуэжам, - жиIащ.

- АIей, гущэ! ЖэщкIэ уи щхьэр мыпIыщIэу пщхьэрыгъыу, упщIэ пыIэм нурыр къыщхьэщихыу хужьу жьыщIауэ, сыту фIыщэу пщIа ар къурмэн сызыхуэхъун, - жиIащ.

- Уэлэхьи, сыкъыздэкIуэжым псы сефэрэ пэт сщхьэрыхури псым ихьам!

- А къурмэн сызыхуэхъун, уи псэ тIэкIур къысхуэпхьыжащи сыту фIы, жиIэри, зридзри IэплIэ иришэкIащ.

Мобыхэм ар щалъагъум:

- Алыхьым и цIэкIэ соIуэм, къытфIихьам! Тхьэ тIуар дгъэпцIынкъым, - жаIэри, шыхэри, дыщэхэри, адрейхэри кърaтри, еуэри ежьэжьахэщ!

Хъыбарыр жызыIэжар Къубэ-Тэбэ щыпсэуа Къэзан Дзадзу и къуэ Анатолэщ (1927 гъ.). Щатхыжар 1977 гъэрщ, зытхыжар профессор Гъут Iэдэмщ. Тедзэным хуэзыгъэхьэзырар Гуанэ (Махъсидэ) Аидэщ.

Хэхъуэ псори зэхуэдэу фIыкъым

Езы «хэхъуэ» псалъэр Iейкъым. Псом хуэмыдэу сабийуэ къалъхухэм я бжыгъэм е лэжьапщIэхэм ехьэлIауэ. Ауэ щыIэщ абы зыкIи дыщыхуэмей. Къапщтэмэ, зыри щыгуфIыкIакъым (дэ зи гугъу тщIыр къэзыгъэсэбэпхэрщ) мы гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м электрокъарум и уасэм зэуэ процент 12,6-кIэ(!) зэрызиIэтам. Абыи къыщыувыIэнукъым - зы илъэс дэкIмэ, аргуэру проценти 9,3-кIэ драгъэкIуеину дыкъагъэгугъэ икIи жаIар зэрагъэпэжынум шэч къытетхьэркъым.

ЦIЫХУМ а и къэхутэныгъэ телъыджэм иIэ мыхьэнэр зэрыгъунапкъэншэр къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэщ а Iуэхур ди гъащIэм хуабжьу къызэрыжьэхэуэнур: хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ я уасэхэм нэхъ иныжу хэхъуэнущ, инфляцэр ирихужьэнущ, нэгъуэщI гугъуехь, зэIумыбзыныгъэ куэд къишэнущ.

Ток къызэрыгуэкIыр нэхъ лъапIэ зэрыхъунур пасэу хэIущIыIу ящIами, куэдыр абы хуэмыхьэзыру къыщIэкIащ. Псом япэу, дауи, хэхъуэ мащIэ фIэкIа зыIэрымыхьэхэр-цIыхухэри щIыналъэхэри. Абы щыгъуэми, Урысейр ящыщщ электрокъару куэд къыщалэжь къэралхэм. Махуэ къэс дыкъоджэ гидроэлектростанцыщIэхэр зэраухуэм теухуа хъыбархэм. АтIэ сыт къызыхэкIар абыхэм я уасэм бжыгъэ зэгуэткIэ (статистикэм инфляцэр здынэсам теухуауэ къытхуиIуатэм нэхърэ нэхъыбэкIэ) драгъэуеиныр?

Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр ящI. Япэу къыдрагъэжейхэм ящыщщ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэхэм лэжьакIуэхэр къазэремэщIэкIыр, иужь илъэсхэм абыхэм я улахуэхэм хуэдитIкIэ зэрыхагъэхъуар, кIапсэхэр, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр зэрыкхъахэм и зэранкIэ токым и процент 30-р зэрафIэкIуэдыр, электрокъарур зэрызэхадыгъуэр. Иджы а псори цIыху цIыкIум и фэмкIэ ирагъэкъужыну я мурадщ...

Мыпхуэдэхэм деж, дигу иримыхьу хэлъа псори тщогъупщэжри, фIыкIэ дигу къокIыж Совет Союзыр. Абы щыгъуэм электрокъарум и уасэр зыми къытехьэлъэртэкъым, унагъуэ Iуэхутхьэбзэ псоми текIуадэр и хэхъуэм и проценти 4-5-м къызэфIигъэкIырт. Иджы кIуэ пэтми, нэхъ кууэ ди жыпым къоIэбэ. Я мыгъуагъэ псори, ипэIуэкIэ зэрыщыжытIащи, дэ къыттрагъащIэ.

ЯщI щхьэусыгъуэхэри, уеблэмэ, телъыджэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, токым и уасэр инфляцэм тежыныр къызыхэкIам УФ-м и Сату-промышленнэ палатэм- «олигархэм я профсоюзкIэ» зэджэм - щыжаIэ: инфляцэр нэхъ лъагэщ, къэрал статистикэм къигъэлъагъуэм нэхърэ.

Америкэр къызэIуаха хуэдэ... Дунейм зы къэрали теткъым и цIыхухэм статистикэм къитхэр щафIэкъабылу. Мис а США дыдэм и цIыхуипщI къэс бгъум къыщыбжаIэнущ властхэм бжыгъэхэр ягъэщIэращIэу, Iуэхум и щытыкIэ дыдэр къамыIуатэу. АрщхьэкIэ нэгъуэщI къэбжыкIэ щыIэкъыми, псоми къыщагъэсэбэпри, Iуэхухэр щызэрахьэкIэ - улахуэхэми пенсэхэми щыхагъахъуэкIэ - зытращIыхьри статистикэм къитахэрщ.

ЛэжьакIуэхэр, псом хуэмыдэу IэщIагъэлIхэр, зэраримыкъур къэралым и экономикэм и IэнатIэхэм я нэхъыбэр зыхэхуа гугъуехьщ, я зэхуэдэ узщ, ар зытещIари электроэнергетикэм и закъуэкъым. Ауэ кIапсэхэри Iэмэпсымэхэри Iисраф зэрыхъуамкIи, абы и зэранкIэ токым и процент 30-р зэрафIэкIуэдым теухуауэ жаIахэмкIи дыарэзыщ. КъызыхэкIари белджылыщ: ахэр зэхъуэкIыным, егъэфIэкIуэным и чэзум елIэлIакъым, СССР-м къыщIэнахэр зэзыпхъуахэр зэгугъуар абыхэм Iэмал зэриIэкIэ трагъэкIуадэ щымыIэу мылъку нэхъыбэ къызэрыщIахынырщ. Жьы мыхъу щыIэкъым...

Электрокъарур зэхэдыгъуэн щыщIадзари нобэкъым. Ари къыдагъэщта псэукIэщIэм къытхуихьа «хабзэхэм» ящыщщ. ГъэщIэгъуэнщ ари уасэхэр драгъэкIуеин папщIэ ящI щхьэусыгъуэхэм зыгуэрхэм зэрыхагъэхьэ къудейри. Электроэнергетикэр мылъку куэд щызралъэфалIэ IэнатIэхэм зэрахыхьэрэ куэд щIащ. Мыбы хотхъыкIхэр, щызекIуэ зэIумыбзыныгъэхэр къагъэсэбэпурэ. ЖыIэдаIуэ цIыху къызэрыгуэкIхэри щIыхилъэфэн щыIэтэкъым.

Дэ, нэхъыжьхэм, дощIэж уэрамым тет пкъо къэс уэздыгъэхэр фIэдзауэ, жэщри махуэм хуэдэу нэхуу щыщыта зэманыр. Къалэхэм я гугъу тщIынкъыми, къуажэ нэхъ пхыдзахэр щIымахуэ зэманми щыщIэртэкъым электрокъару. Иджыри жытIэфынукъым мы IэнатIэм пэрытхэр хуэмыхуу, я къалэнхэр Iэпэдэгъэлэл ящIу. АрщхьэкIэ апхуэдэурэ екIуэкIмэ, мыгувэу дыхуэкIуэжыну къыщIэкIынущ шэху уэздыгъэм. Куэдым яхузэфIэкIынукъым электрокъарумрэ газымрэ я уасэхэр. Иужьрейм и уасэри, «ягъэува» хабзэм тету хэхъуащ бадзэуэгъуэм и 1-м. Ауэ, десэжащи, и гугъу тщIыххэркъым. Токри абы и лъэужь иримыкIуэу пIэрэ?

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ**.

● Ди псэлъэгъухэр

ФIыгъуэ ныбжь

ЦIыхубзым и ныбжьыр илъэс 60-м щхьэдэха нэужь фIыгъуэмрэ дахагъэмрэ къатеункIыфIэ фи гугъэмэ, фыкъуопцIэ! Куэдым я хьэмтетыгъуэр абдежырщ къыщыщIидзэр: къуэрылъху-пхъурылъхухэр къэжэпхъащи, я щхьэ Iуэху зэрахуэж, унэгуащэ къалэнхэр нэхъ мащIэ мэхъури, нэхъапэIуэкIэ зыщIэхъуэпсу щыта зыгъэпсэхукIэм и фIыгъуэ псори зыхащIэну зэман къахудохуэ. Акъылэгъухэр, ныбжьэгъущIэхэр щагъуэтынущ гугъэпсэху зэхуэсхэр щекIуэкI «ФIыгъуэ ныбжь» клубым, Дудар Заремэ къызэригъэпэщам. Клубым теухуауэ нэхъыбэ къэтщIэну зыхуэдгъэзащ езы Заремэ.

- «ФIыгъуэ ныбжьыр» илъэс дапщэра щыщIидзэр, Заремэ?

- Ар бзылъхугъэр къызыхэкIа, зыхэс унагъуэм, зыбгъэдэсым, и дуней тетыкIэм елъытащи, бжыгъэ гуэри къыпхуиIуэнукъым. Си щхьэкIэ, сынасыпыфIэу дунейм сыкъытехьауэ къыщIэкIынщ, си гъащIэр фIыгъуэ ныбжьу сохь. ИкIи сыхущIокъу зы махуэм нэхърэ адрейр нэхъыфI зэрысщIыным, гъащIэм гу зэрыщысхуэным. Аращ адрей цIыхубзхэри гушхуэу, гуфIэу, я гур хэхъуэу псэумэ сфIэфIу мы клубыр къыщIызээзгъэпэщари.

- Кино мыхъумэ, нэгъуэщI щIыпIэ сыщрихьэлIакъым икIи ди щIыналъэм апхуэдэ клуб нэхъапэм щыIауэ зэи зэхэсхакъым. Ар къызэбгъэпэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуам, къекIуалIэ бзылъхугъэхэм, щыфщIэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Иужьрей илъэс 30-р хамэ къэралхэмрэ УрысеймкIэ щысхьащ. Седжащ, сылэжьащ, зызужьащ, IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зээзгъэгъуэтащ. Ауэ дэнэ сыкъыщыщIидзами, сызэрыцIыкIурэ сыкъофэ. Апхуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэфакIуэ зэхуэмыдэхэм сахэту дунейм и щIэлъэныкъуэм сыщыIауэ жыпIэ хъунущ. Кавказ лъэпкъхэм, алыджхэм, Латин Америкэм я къафэхэр... Псори сощIэ. Си ныбжь нэсу къэфакIуэ гупхэм сакъыщыхэкIыжам, 90 гъэхэм, Москва сыщыпсэурт. А лъэхъэнэ дыдэм къалащхьэм щыIэ Адыгэ Хасэм къэфакIуэ гуп къызэрагъэпэщын хуей щыхъум, къызэлъэIуащ сабийхэм, ныбжьыщIэхэм садэлэжьэну, згъэсэну. АтIэ иджыпсту апхуэдиз щытхъу зиIэ, зи цIэр лъагэу зыгъэIуа, Москва щыIэ ди къэфакIуэ гупым япэ гъэсакIуэу иIар сэращ. Хэкум къыщызгъэззэжам си IэпкълъэпкъыЫр къызэныкъуэкъурт сыкъэфэну сыхуейуэ. Плъагъурэ, уи гъащIэм и зэхуэдитIыр къафэм щептам деж, Iэпкълъэпкъыр абы щесакIэ, зэуэ укъызэтеувыIэжыфыркъым. Унэм ущIэсу, гъуджэм укIэрыту укъафэу сощIри, абыкIэ «уи псыхуэлIэр икIыркъым». Ауэрэ зэманыфI кIуащ. Уз зэрыцIалэр къежьэу илъэс зыбжанэкIэ уэрамым хуиту дыкъыдэмыхьэфу унэм дыщыщIэсар сигу къэзгъэкIыжыххэну сыхуейкъым. Ар зэфIэкIри, къэзулъэпхъэщу щIэздзащ... Пэжщ, сабийхэм, ныбжьыщIэхэм, щIалэгъуалэм папщIэ къэфакIуэ бжыгъэншэхэр диIэщ, ауэ нэхъ балигъыпIэ итхэм, хъуапсэу зи гъащIэр зыхьахэм, укIытэу унэм щIэсхэм папщIэ зыри щыIэтэкъым. Ауэ щыхъум, апхуэдэ япэ клубыр сэ къызээзгъэпэщыну си пщэ дэслъхьэжащ.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, Заремэ, усурэтыщIщ, удизайнерщ, укъэфакIуэщ. А псори зэдэпхьыну къалэнышхуэIуэ хъуркъэ?

- СхужыIэнукъым мы клубыр къыщызээзгъэпэщым къызэхьэлъэкIауэ, си зэманымрэ къарумрэ ихьауэ. Уеблэмэ гупсэхугъуэ щызогъуэт. Акъылэгъу, ныбжьэгъу зэрыщыбгъуэтым къищынэмыщIауэ, къафэр - узыншагъэщ. ДызэрыщыгъуазэщI, лэжьапIэ Iумытыж, цIыхум яхэмыхьэж, «и ныбжь нэсу, тIысыжам» и лъэр зэщIонэ, абы уз зэмылIэужьыгъуэхэр кърегъаблэ. Ди клубым некIуалIэхэр къощIэрэщIэж, ныбжьым къыдэкIуатэ гуныкъуэгъуэхэр езыр-езыру лъэныкъуэкIэ йокIуэтэкIыж. Узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ къэфакIуэ гупу дыкъежьами, къабзэу, дахэу, шэщIауэ псэлъэнымкIэ садэлажьэу, италяныбзэр сIурылъти, ар зыджыну хуейхэми езгъащIэу, щIэздзащ. Ауэ, плъагъурэ, щыIэщ щхьэхыр къызытекIуэ. Италяныбзэр лъэныкъуэ езыгъэзаи къахэкIащ си хъыджэбзхэм.

- Си унэгуащэ къалэнхэм срокъу, жызыIаи къахэкIыжа хъунщ?!

- Апхуэдэу гупсысэхэри щыIэщ. Ауэ унагъуэ Iуэхум, уеблэмэ махуэм лъэбакъуэ мини 10 пчын хуейуэ иджы жаIэ зэрыхъуам къыпхуащIэнукъым къафэм къыпхуищIэр. Ахэр зэхуэбгъадэ хъуххэнукъым... Сыту жыпIэмэ, пхъэнкIэн, лъэсэн, тхьэщIэн, жьыщIэн, ету тедзэныр махуэ къэс къытебгъэзэжурэ пщIэ Iуэхущ, уезыгъэзэшщ. Дэ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къафэхэр зыдогъащIэ, ди тхыр захуэу доIыгъ, ди лъэр щIокI. Абы уегъэгупсысэ, уи гукъыдэжми здеIэт, уегъэгуфIэ.

«Мыпхуэдэ зэгухьэныгъэ щыIэщ», - жаIэу, фIы защIэкIэ тепсэлъыхьу зэхэсхати, сытегушхуащ. Къафэм и закъуэкъым, бзэхэр зыдогъащIэ, гъэлъэгъуэныгъэхэм докIуэ, зэщIыгъуу зыдогъэпсэху. Дауи, клубым кIуэн щIэздзэмэ, си махуэр зэрызгъакIуэм зихъуэжынути, си щхьэгъусэм сечэнджэщащ, Iуэхум щызгъэгъуэзащ икIи хуит сыкъищIащ. Си щIалэгъуэм атлетикэ псынщIэм сыхэтат, иджыри лэжьапIэ сыIутт, ауэ ныбжьыр щыкIуатэкIэ, жьыгъэр къыстегушхуэну пIэрэ, зэуэ си щхьэм лэжьэн щигъэтыну пIэрэ, жыпIэу уогузавэ... Мис абыкIэ сэбэпышхуэщ клубыр. Хуабжьу сигу ирохь. Ипэхэм мащIэу къыстехьэлъэрт, сешырт, ауэ иджыпсту Iэпкълъэпкъыр есэжащ, сыжыджэрщ, жыпIэнуракъэ, сылъэтэным хуэдэщ», - жеIэ клубым хэт Шаранинэ Светланэ.

«ФIыгъуэ ныбжь» клубыр илъэситI зэрырикъум ирихьэлIэу, мыгувэу гъэлъэгъуэныгъэ екIуэкIынущ, Дударым зэрыжиIэмкIэ. Ар Заремэ къыхуэзыгъэпэщыр модельер Сэралъп Мадинэрэ Налшык ЗАГС-м и унафэщI Шэру Валентинэрэщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Дызыгъэгуфlэ дахэщысэхэр

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ «Дэнлъэч» пасэрей IэщIагъэ дахэм дихьэххэм я лэжьыгъэхэр. Ар къызэригъэпэщащ адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр хъумэнымкIэ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым.

- ЛЪЭХЪЭНЭХЭР зэзыпх IэщIагъэщ нобэ фи пащхьэ дыкъызэрихьа лэжьыгъэхэр зэрызэфIахар. Ар щIэблэм едгъэщIэн зэрыхуейр, абы и зэфIэкIыкIэ къызэрыдгъэщIэрэщIэжын гупсысэм и мыхьэнэр дэтхэнэ зыми къыгурыIуэу къыщIэкIынущ, - жиIащ «Адыгэ дуней» фондым и лэжьакIуэ Табыщ Мурат. - Адыгэ IэщIагъэхэм елэжьа КIыщ Хьэзрэталий зэрыжиIэмкIэ, псалъэ минитIым щIигъу пыщIащ дыщэидэ IэщIагъэм. Адыгэ бзылъхугъэхэм зэрахьэу щытар IэщIагъэ телъыджэт, уеплъамэ къопсэлъэн къыпфIэщI пэлъытэу, укIэлъыплъыжамэ узыIэпишэу. Гум пыкIыу цIыхум тыгъэ щищIкIэ, ар Iэпэщысэщ. Гум пыкIыу цIыхум и нэм щыджэлыкIыу зы гъэщIэгъуэн щилъагъукIэ, ар дахэщысэщ. Фи пащхьэ илъ дахэщысэ гъэлъэгъуэныгъэр ауэ сытми къепхьэжьэкIэ жыжьэ пхунэмыхьэсынкIэ хъунщ, гуэгъу уимыIэмэ, къыбдэзыщтэн, ипэкIэ зыгъэкIуэтэн уи гъащIэ гъуэгум къытемыхьэмэ. Дэнлъэч лъэщапIэм и гъэлъэгъуэныгъэм къыдэкIуэу, «Адыгэ дунейм» езым лъэщапIэ иIэжщ, къытщIэхъуэ щIэблэр щагъасэу, бзылъхугъэ IэпэIэсэхэри екIуалIэрэ абы я IэщIагъэм щыхагъахъуэу.

Гъэлъэгъуэныгъэм утыку къыщрахьащ дыщэидэкIэ щIа, тхыпхъэрэ дамыгъэрэ, уагъэкIэ гъэдэха фэилъхьэгъуэхэр, бзылъхугъэ, пхъуантэ цIыкIухэр, цIуугъэнэхэр, пэшхэр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэр, нэгъуэщIхэри. Лъэпкъ IэщIагъэр зи лъабжьэ а дахагъэм уимытхьэкъункIэ Iэмал иIэкъым.

- Пасэрей IэщIагъэр зымыгъэкIуэдыжхэм я IэдакъэщIэкIхэу Iэщэм, фащэм, шыуанэ зэтелъым ирахьэлIэу щыта дахагъэр мыбдеж щыдолъагъу. Абы щыщщ уагъэри щагъэри. Дыщэидэм и фIагъымрэ дахагъымрэ ижьижьыж лъандэрэ топсэлъыхь. Адыгэ IэпэIэсэхэм я IэдакъэщIэкIхэр зыхуагъадэ щымыIэу ялъытэу, щIэупщIэ яIэу щытащ. Гъуаплъэ зэманым щыщIэдзауэ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр адыгэм и тхыдэм хэту нобэр къыздэсым къыдокIуэкI. Фэилъхьэгъуэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ ирагъэдахэ къудей мыхъуу, тхыпхъэм гупсысэ куу, мыхьэнэшхуэ иIэу щытащ. Лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI IэщIагъэр иджырей зэманым декIуу, псэупIэр игъэдахэу, щыгъыным хэплъхьэ хъууэ утыку къызэрырахьар гуапэщ. Ар пасэрей IэщIагъэм и гъащIэм къыпызыщэщ. Мы лэжьыгъэхэр зи IэрыкIхэм фIыщIэ яхуэфащэщ лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэм щIэблэр зэрыдрагъэхьэхым папщIэ, я IэщIагъэм и хъер ирыралъагъу, гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэми Тхьэм гъащIэ кIыхь къарит! - жиIащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

- ФIэхъус гуапэ фызох, си лъэпкъэгъу дахэхэ! Адыгэм и тхыдэм, ди гур зыпхырызылыгъукI дыджагъхэм къыдэкIуэу дызэрыгушхуэн, дызэрыинын дахагъэ куэди хэлъщ. Ди тхыдэр тщIэн, дджын, дригушхуэн хуейщ. Абыхэм язщ ди хабзэ дахэхэри. Дригушхуэми, дриудэфэну дыхуиткъым, сыту жыпIэмэ, ди фIагъ хэлъкъыми. Ди фIагъ щыхэлъынур ар тхуэхъумэрэ, тхуэгъэкIуатэмэщ, - жиIащ «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и унафэщI ХьэцIыкIу Рае. - Ди фондым пщэрылъ зыщищIыжахэм ящыщщ щIэблэр дахагъэм дихьэхыу гъэсэныр. Нобэрей гъэлъэгъуэныгъэри абы щыщ зы Iуэхугъуэщ. ДыщIохъуэпс «Дэнлъэч» IэщIагъэ гъэлъэгъуэныгъэр адыгэ IэщIагъэ дахэм и санэхуафэ хъуну, адэкIи кIуэтэну, зиужьыну. Нобэ мыбы къекIуэлIахэм ар хагъэIуэну, нэхъыбэм къащIэу щIалэгъуалэ куэдым а дахагъэм зратыну дыщогугъ. ФIыщIэ фхузощI гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэм. Мы Iуэхур егъэфIэкIуэн, ар ипэкIэ гъэкIуэтэн и лъэныкъуэкIэ лъэпкъыр дызэкъуэтыну, ди гупсысэр зыуэ, ди нэхъыжьыфIхэр зрикIуа гъуэгур дымыгъэгъуащэу щIэблэр абы тетшэфыну, дахагъэм дедгъэхьэхыфыну Тхьэм жиIэ!

- Иджыпсту сабийхэр хуабжьу жып телефонхэм, планшетхэм, интернетым зэрыдахьэхым абы я акъылым, щытыкIэм, хабзэм, я хьэл-щэным зэрызригъэхъуэжыр къэтлъытэри, дегупсысащ сыткIэ щIэблэм сэбэп дахуэхъуфынуми. Уегупсысмэ, IэпэкIэ сабийхэр лажьэу щытын хуейщ заужьын папщIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ псом хуэмыдэжу сэбэпщ лъэпкъ IэщIагъэхэр. А гупсысэм диIыгъыу, Шыкъ Талихь Хэкум къигъэзэжауэ щытащ. Ар зыгъэсар и анэ Пщыгъуэтыж-Шыкъ Шэхьризэтщ. IэщIагъэ дахэр лъэпкъым къытхуэзыхьыжа Талихь дыгурыIуэщ, интернеткIэ, телевиденэкIэ хъыбар зэбгрыдгъэкIри щIэблэр IэпэIэсэ IэщIагъэм хуэгъэсэным теухуа мы Iуэху щхьэпэр етхьэжьауэ щытащ. Иджы дызэреплъымкIэ, IэщIагъэ дыдэ яхуэмыхъуми, я IэкIэ ягъэхьэзыр дахэщысэхэм хъыджэбз цIыкIухэм я хьэл-щэным фIыкIэ зригъэхъуэжу апхуэдэщ. ЦIыху куэдым мы IэщIагъэр къащтэрэ нэгъуэщIхэр драгъэхьэхмэ, ар дэркIэ ехъулIэныгъэшхуэщ, - жиIащ сабийхэм ядэлажьэ Дзыгъур (Тэрчокъуэ) Марьянэ.

- Дунейм къытехьа цIыхур зы щIыпIэ къыщожьэри, и лъэр зы щIыпIэ нехьэс. Абы и зэхуакум къриубыдэу куэд къохъу, гуауэкIи гуфIэгъуэкIи гъэнщIауэ. Ди лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм ущрипльэжкIэ, илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIа Кавказ зауэм дыкъызэрелар умыгъэщIэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Абы дунеижьым дыщытрипхъа къудейкъым, атIэ сыт хуэдэ IэщIагъэ къэдгъэщIами, дунейм къытедгъэхьами зэкъуэча хъуащ. Мывэхэр зэгуэр зыгуэрым зэбгридзамэ, ахэр зэгуэр зыгуэрым зэщIикъуэжын хуей мэхъу. «Лъэпкъ щIэж» жаIэ. Дунейм ущытеткIэ зыпщIэжын, зыпцIыхужын хуейщ. Лъэпкъыр зыгъэдэхэн, зыгъэбеин IэщIагъэ, щIэныгъэ, хъугъуэфIыгъуэ иIапхъэщ. Хэкужь гупсысэмрэ жьэгужь дуней лъагъукIэмрэ зыбгъэдэлъа ди лъэпкъым игъэкIуэдыжакъым къигъэщIа дахагъэр, дахэщысэхэр зэрихъумэным, щIэблэм я деж зэрынихьэсыным зригъэлIэлIащ. Мы Хэкум икIа бзылъхугъэхэм къащIэхъуа щIэблэм хамэщIым щыбгъэдалъхьэжа IэщIагъэр Хэкум къытхуихьыжауэ щегъафIэ гъэлъэгъуэныгъэм зи IэрыкIхэр щыфлъагъу, щIэблэр дыщэидэм хуэзыгъасэ, «Дэнлъэч» лъэщапIэр зыгъэбжьыфIэ Шыкъ Талихь, - жиIащ Табыщым.

Тыркум къыщыхъуа, адэжь Хэкум къэзыгъэзэжа Шыкъ Талихь тепсэлъыхьащ мы IэщIагъэ дахэр сыт щыгъуи я унагъуэ илъу къызэрекIуэкIам, и анэм абы зэрыщIипIыкIам, Истамбыл щыIэ Хасэм лъэпкъ IэщIагъэм щыхуагъасэ и гупжьейми екIуалIэу зэрыщытам, иджы хуэсакъыу а IэщIагъэр зэрихъумэм, нэгъуэщIхэми. Талихь и анэр къыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщащ, дунеягъэкIи хуэдэу, хьэдрыхэ хабзэ гуэр щыIэмэ, и псэр гуфIэну щыгугъыу.

Пшыхьыр къызэзыгъэпэща фондым и лэжьакIуэхэм я мурадыр къехъулIауэ къалъытэнущ нобэ ялъэгъуа дахагъэм зезыгъэужьын, ар къызэрагъэщI IэщIагъэм зезыпщытын щIэблэм къахэкIмэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● МВД-м къет

НаркотикхэкIхэр зэбригъэхьырт

Мы гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу, КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэбграгъэхым кIэлъыплъынымкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм Налшык 2-нэ Таман дивизэм и уэрамым гъэтIылъыгъэ щэхур къыщищтэу яубыдащ нэхъапэм суд зытращIыхьа, илъэс 27-рэ зи ныбжь, Лэскэн районым щыпсэур.

ОПЕРАТИВНИКХЭМ щыпIэм къыщагъуэтащ пкъыгъуэ щащэ гъуабжэ зэрылъ зэкIуэцIышыхьа.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамм 37,70-рэ мэхъу, наркотикхэкI зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ хэлъу, абы героинри хыхьэу.

ЗэраубзыхуамкIэ, наркотикхэр мессенджерхэм ящыщ зыр къигъэсэбэпри къигъуэтат, адэкIэ республикэм и щIыналъэм щызэбгригъэхын мурад иIэу къищэхуат.

Урысей МВД-м и Налшык управленэм и ОП №1-м и следственнэ къудамэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 228.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым ипкъ иткIэ.

Къызэрахутамкlэ, нэхъапэкIи цIыхухъур жэуапым ирашэлIат «НаркотикхэкIхэр е акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэр дохутырым пхуимытхауэ зэхьэлIэн» УФ-м и административнэ кодексым и статьям ипкъ иткIэ.

Иджы ар яубыдащ УФ-м и УПК-м и 91-нэ статьям ипкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Футбол

Къыдагъэплъакъым хьэщIэхэм хэгъэрейхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм хыхьэу зэхэта зэIущIитхум ящыщу плIым хьэщIэхэр щынэхъыфIащ, адрей зым зэрытемыгъэкIуауэ щызэбгъэдэкIыжащ.

ШЭДЖЭМ къалэм, Нартан, Ислъэмей къуажэхэм щыхьэщIахэр турнир таблицэм щынэхъ лъагэт икIи Псынэдахэ, Алътуд, Тэрч икIахэм текIуэныгъэр зэрахьар дызыпэмыплъатэкъым. ГъэщIэгъуэн къытщыхъуар Псыгъэнсум и командэр Налшык щыIэу «Спартак-Д» гуп лъэщым зэрефIэкIаращ.

Ди республикэм и чемпионатым куэдрэ узыщримыхьэлIэ бжыгъэкIэ иухащ Бабугент щекIуэкIа зэIущIэр. Абы щIыпIэ «Логоваз»-мрэ Аргудан икIа «Бедик»-мрэ зы топи щахудэгъэкIакъым икIи зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ.

«Родник»-м щыджэгу Урысбий Ратмир аргуэру къыхэжаныкIри гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щигъэбыдащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм абы я хьэрхуэрэгъухэм топ пщыкIуз щыхудигъэкIащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Черкес**» (Шэджэм) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:7**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2:4**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Искра**» (Алътуд) - **1:3**, «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:4**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Бедик**» (Аргудан) - **0:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIущIэнущ: *бадзэуэгъуэм и 5-м* - «Тэрч» - «Черкес», «Урыху» - «Ислъэмей»; *бадзэуэгъуэм и 6-м* - «Искра» - «Малка», «Бедик» - «Нартан», «Псыгуэнсу» - «Логоваз», «Родник» - «Спартак-Д» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Родник»**	**10**	**9**	**0**	**1**	**48-7**	**27**
2.	**«Тэрч»**	**9**	**8**	**0**	**1**	**28-5**	**24**
3.	**«Искра»**	**9**	**7**	**1**	**1**	**25-9**	**22**
4.	«Спартак-Д»	10	4	2	4	26-27	14
5.	«Нартан»	10	4	2	4	28-28	14
6.	«Ислъэмей»	9	4	0	5	23-26	12
7.	«Псыгуэнсу»	9	4	0	5	18-29	12
8.	«Черкес»	10	3	3	4	21-24	12
9.	«Бедик»	10	3	1	6	12-33	10
10.	«Малка»	8	3	0	5	13-19	9
11.	«Логоваз»	8	1	1	6	11-31	4
12.	«Урыху»	8	0	0	8	9-24	0

Тэрч щIалэм медалхэр зэщIекъуэ

Мэзкуу къалэм къикIыу хъыбар гуапэ иджыблагъэ къытIэрыхьащ: УФ-м и къалащхьэм дэт «ВЭБ Арена» спорт комплексым щекIуэкIа, Урысей Федерацэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионатым домбеякъ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ Шэрий Иналбэч.

КИЛОГРАММ 74-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ адыгэ щIалэм ещанэ увыпIэм щхьэкIэ къыпэщIэтащ Бурятием щыщ Балтуев Александр икIи зэIущIэм и бжыгъэр 7:0-у абы текIуащ.

Иджы Шэрий Иналбэч УФ-м бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионатхэм я медалищри иIэ хъуащ: 2023 гъэм Дагъыстэным и Каспийск къалэм дыжьын медалыр къыщихьащ, нэгъабэ Мэзкуу областым и Новоивановскэ къалэм чемпион щыхъуащ, мы гъэм - ещанэщ. Абыхэмрэ адрей и текIуэныгъэхэмрэ нэмыщI, Албанием и къалащхьэ Тиранэ нэгъабэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым ещанэ увыпIэр Иналбэч щиубыдащ.

Тэрч щIыналъэм хыхьэ Дей къуажэм къыщалъхуа Шэрий Иналбэч дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ, и тренерхэр Урыш Анзор, ХьэщIэмахуэ Андзор, Маргиев Анатолэ сымэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэпэщ ящI

● Узыншагъэ

Республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ щIыналъэм щокIуэкI. Ахэр ягъэзащIэ лъэпкъ проектхэм хыхьэ щIыналъэ программэхэм япкъ иткIэ.

АПХУЭДЭУ «ЦIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щрат медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ программэмкIэ сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжхэм ящыщщ Шэджэм район сымаджэщымрэ Яныкъуей жылэм дэт амбулаторэмрэ.

Иужьрей илъэс 45-м къриубыдэу иджы япэу зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIыу араш Шэджэм район сымаджэщым. Лэжьыгъэр мы илъэсым ирагъэжьащ. Мы зэманым ирихьэлIэу IуэхущIапIэм и кIуэцIым и щытыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр ирагъэгъуэтащ, иджы унэ щIыбыр зехьэным, унащхьэр, инженер коммуникацэхэр зэхъуэкIыным иужь итщ. Неврологие къудамэр сымаджэщым и пщIантIэм дэт, тIууэ зэтет корпусым хэту щытати, иджы ар зэгъэпэщыжыныгъэхэр щрагъэкIуэкIа унэм къагъэIэпхъуэжынущ. Абы Iэмал къаритынущ иджырей IэмэпсымэхэмкIэ узэда диагностикэ пэшхэр къызэрагъэпэщыну. КъищынэмыщIауэ, IуэхущIапIэм и лифтыр зэрахъуэкIынущ, сымаджэхэр япэу зрашалIэ къудамэм «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и машинэр тыншу екIуэлIэн папщIэ, абы и бгъэдыхьэпIэри къагъэщIэрэщIэжынущ. Лэжьыгъэхэр мы гъэм и кIэ пщIондэ яухыну я мурадщ.

Яныкъуей къуажэм дэт амбулаторэм щрагъэкIуэкI зэгъэпэщыжыныгъэхэр и кIэм ноблагъэ. 1968 гъэм яухуа унэр кхъахэ хъуат, медицинэм и иджырей жыпхъэхэм изагъэртэкъым, ар къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауэ иужьрейуэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкIар илъэс 50 ипэкIэт.

IуэхущIапIэм и унэ щIыбхэр зэпэщ ящIакIэщ, щхьэгъубжэхэр, унащхьэр зэрахъуэкIащ, псыр, хуабэр, токыр зэрекIуалIэ бжьамийхэмрэ кIапсэхэмрэ зыхуей хуагъэзэжащ. Иджыпсту унэм и кIуэцIыр зэрахьэ, абы иужькIэ амбулаторэм къепха щIыналъэр зэIузэпэщ ящIынущ.

КъагъэщIэрэщIэжа амбулаторэм хэтынущ терапевтым, педиатрым, акушер-гинекологым, стоматологым я пэшхэр, махуэ стационар. IуэхущIапIэм цIыху мини 3-м щIигъу къегъэбыдылIащ, лэжьыгъэ сыхьэтхэм къриубыдэу абы цIыху 25-м дэIэпыкъуныгъэр щызрагъэгъуэтыфынущ. Мы илъэсым къриубыдэу лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаңнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.219
Заказыр №1.416
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Марие** *(1, 4-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.